

SIWARANA

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

Edisi 25, Mei–Agustus 2023

Serat Tripama kanggo Piwulang Generasi Mudha

BLENCONG

Sumendhe ing Lakuning
Kodrat

NGUDARASA

Pesta Demokrasi Padha Karo
Udan Dhuwit?

JAJAH

Sacuwil Crita Ngenani Selat Muria kang
Ilang saka Peta Nuswantara



KABABAR DENING
BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TENGAH

Aja Ngendhak Gunaning Liyan



Datan ana sijia pribadi ing salumahing jagad iki kang gelem diremehake. Apamaneh diolok-olok. Ing perkara iki mula para ngaluhur Jawa ducing uni nuli nglairake pitutur aja ngendhak gunaning liyan. Jalaran saasor-asore pribadi tetep darbe aji kang pantes diajeni. Datan ana tunane kanggo ngajeni ing liyan, kepara ana sing pratela ngajeni wong liya iki ateges ngajeni awake dhewe. Mangkono kosok baline.


Minangka pepakeming laku kasebut kita bisa nyinau klawan tembang Gambuh ing *Serat Wedharaga* anggitane R.Ng. Ranggawarsita; *lamun wus sarwa putus/ kapinteran sinimpen ing pungkur/bodhonira katokna ing ngarsa yekti/gampang traping tindak tanduk/ amawas pambeking wong.*

Ing pitutur kasebut kaajab ing saben pribadi nadyan pinter aja keladuk nuduhake pinter, kepara api-api bodho. Sikep kang mangkene iki luwih jenak disenengi liyan brayan, tegese bakal dadi tuk sumbering laku mad-sinamadan, ajen-kinajenan, katimbang yen kosok baline. Ngerti nanging api-api bodho iku luwih gampang ing trep-trepaning tumindak, katimbang bodho api-api pinter, utawa pinter nanging keminter. Awit, manut R.Ng. Ranggawarsita jroning pasrawungan mono ing saben-saben pribadi kepengin kaajeni, mula sabisa kita paham klawan drajating saben-saben pribadi, amawas pambeking wong. Aja dhemen ngremehake liyan.

Dene, yen manut Les Giblin, pakar hubungan masarakat Amerika Serikat lan penulis buku kondhang *The Art Of Dealing With People*, uga nate nandhesake lamun kanggo mbangun swasana endah ing pasrawungan iku tinemu patang pratelan, yaiku nglengganani yen (1) manungsa iku kabeh egois; (2) luwih kesengsem klawan pribadine dhewe katimbang wong liya; (3) saben wong kepengin kaanggep penting; lan (4) saben wong kepengin wong liya tansah sarujuk klawan panemune. Panglenggana ing patang bab kasebut kaajab bisaa nglairake sikep yen ing siji lan sijine prayoga tansah ajen-ingajenan. Tinemu pangerten yen saben-saben wong darbe pambek lan iku perlu kakurmati, ora karemeake. Aja dhemen ngendhak gunaning janmi.

Saiba ngujiwat ing pasrawungan yen saben-saben pribadi ngrembaka subur panglenggana manawa ing liyan iku uga wigati anane. Tundhone bakal terwaca maneh pamikir Jawa ducing uni sing nandhesake aja njiwit yen ora gelem dijiwit, aja gawe pituna yen ora gelem digawe tuna, aja ngereh yen ora gelem direh, lsp. Sasela-selaning pasrawungan tumuli karacik pangudi mad-sinamadan, ora ana ganggu-ginanggu awit kabeh winungkus ing manis rasa pangrasa. Ngono. (Yan Tohari)





Sumendhe ing Lakuning Kodrat

Dening: Yan Tohari

Sumendhe ing lakuning kodrat. Mangkono kang sinerat ing pada-pada pungkasan *Serat Kalatidha* yasan R.Ng. Ranggawarsita. Rinasa ananing pamupus, nglenggana lamun apa sing tinampa pancen wis dadi garis pesthi, wekasan pilihan kang trep tan ana liya kajaba nampa sawutuhe mring apa wae kang kudu tinampa.

Mangkene kang tinemu ing pada ka-sewelas:

Ya Allah ya Rasulallah/ kang sipat murah lan asih/ mugu-mugi aparinga/ pitulung ingkang martani/ ing alam awal akhir/ dununging gesang ulun/ mangkya sampun awredha/ ing wekasan kadi pundi/ mugu-mugi wontena pitulung Tuwan

Jroning pada iki katon cetha wela-wela mungguh pamupusing sang pujangga. Kanthi nyebut mring Gusti lan utusan-Ne kang asipat murah sarta asih, *Ya Allah ya Rasulallah, kang sipat murah lan asih, nyebut-nyebut nyuwun pitulungan*. Bokmanawa sawernaning kupiya kanggo ngluru jangkane wis ngliwati akeh tenaga lan suwe wanci, prasasat tekan entek-entekan, nanging durung tinemu. Mula, ing wekasane nglengganani kanthi pamupus. Nadyan laku iki minangka laku entek-entekan, ewasemana manut pangerten Jawa mapan ing kaluhuran. Laras klawan unine, *mupus* saka tembung *pupus*, kang nyatane perangan godhong kang isih enom lan manggon paling pucuk.

Pitulungan kang kaarep-arep dening sang

pujangga, yaiku pitulungan kang murakabi, mugi-mugi aparinga pitulungan ingkang martani. Pitulungan kang ora winates ing alam donya, nanging pitulungan kang tandhes ing alam akhir, alam kalanggengan. Awit mangkono kang dadi kapitayan wong Jawa sing uga winengku ing kawruh agama liyane. Sejene urip ing alam praja utawa jagad padhang iki, samengko tinemu panguripan kang luwih baku, yaiku alam delahan. Mula sang pujangga nyebut ing alam awal akhir, dununging gesang ulun. Papan kang dadi papan panguripane manungsa, kalebu sang pujangga (ulun).

Panglenggana anane pamupus kasebut luwih terwaca rikala sang pujangga pratela yen wis dudu mudha maneh, mangkya sampun awredha. Tegese urip wis mancik sepuh. Araning sepuh mono minangka tenger meh pungkasing urip. Bakal menyang ngendi maneh playuning sepuh, datan liya mancik ing tekaning pati, murud ing kasedan jati. Mula kanggo apa motha-motha marang kadonyan sing yen kapenggali jero pancen datan ana enteke. Wekasan kang den arep-arep ora liya maneh amung pitulunganing Gusti, mugi-mugi wontena pitulung Tuhan.

Selot nandhes maneh lamun katlesih ing pada candhake utawa pada karolas. Mangkene unine:

Sageda sabar santosa/ mati sajroning ngaurip/ kalis ing reh aruhara/ murka angkara sumingkir/ tarlen meleng malat sih/ sanityasing tyas mematuh/ badharing sapudhendha/ antuk mayar sawetawis/ borong angga sawarga mesi martaya

Pancen dudu bab gampang dadi wong sepuh. Lire sepuh kang nyata mapan ing sepuhe. Pindhane kambil, selot tuwa akeh santene. Pindhane pari, selot tuwa tambah tumungkul selagane. Semono uga gegambaran kang kacihna dening R.Ng. Ranggawarsita ing pungkasaning pada *Serat Kalatidha* iki, sepuh mono prayoga wis uwal saka melok ngujiwate kadonyan. Sing ana amung daya memanis pati.

Apa sangune? Sangune sageda sabar santosa. Kuwat ing laku sabar.

Pucuking daya sepuh kayadene mati sajroning ngaurip. Tegese dumadi ing pribadine kaya-kaya wis tumeka pati, jejering wong mati mono wis uwal saka werna-werna pepenginan, melik, srei, drengki, kamurkan, lan sapanunggalane. Bakune wis datan maelu gebyaring donya, temahan sing ana kalis ing reh aruhara, murka angkara sumingkir. Drajating ati katon putih memplak tanpa katindhihan melik ing kadonyan. Kinaran wis rampung ing urusan donya.

Banjur, apa sing kaudi, yaiku tarlen meleng malatsih, ngumbar ati kanggo muhung minta sihing Gusti. Kanthi cara sanityasing tyas mematuh, sakaliring kridhaning ati amung nyendikani mring dhawuh-dhawuhe Gusti, tekun ing pangibadahan, njurung ing kawilujengan.

Mangkono urip sabanjure sarwa uwal saka bundhetaning kadonyan, uwal sakehing sapudhendha, nuli antuk mayar sawetawis. Wekasan datan ana ancas liya kang kacethik ing atine kajaba borong angga sawarga mesi martaya. Masrahake sakabehe marang kang kagungan pucuk-pucuke wewenang. Gusti kang maha kuwasa. Pasrah sawutuhe, sumendhe kabeh ing ngarsane Gusti iku tenger wis kuwawa ngajab mring kasuwargan sejati. Pratelane kaya ing pada pungkasan pada sing kaselipan sandi asma saka asmane sang pujangga, yaiku *boRONG angGa saWARga meSl marTaya*.

Mangkono, sithik pangerten sing bisa katlusur marang kawruh mupus ing urip. Kawruh kang katulad saka *Serat Kalatidha* yasane pujangga pungkasan R.Ng. Ranggawarsita. Urip mono kudu narima ing pandum, temah nyandhak ing tataran ngerti saka ngendi urip, kanggo apa urip lan banjur menyang ngendi angkahing urip. Manawa kasil, yekti bakal nemu araning suwarga sing wujud kuwawa sumendhe ing lakune kodrat. Nuwun.

Daftar Isi lan Susunan Redaksi

BLENCONG Sumendhe ing Lakuning Kodrat	3
JAJAH Sacuwil Crita Ngenani Selat Muria kang Ilang saka Peta Nuswantara	6
KAWRUH SASTRA Serat Tripama kanggo Piwulang Generasi Mudha	8
GLADHI SASTRA Layang Pungkasan	10
ONCEK-ONCEK Kudune, Dhalang Iku Ora Kurang Lakon	13
GURIT Aneng Pendhapa Sasana Adi Praja, Sumur Jobong, Awan, Bocah, karo Ayam, Narima Ing Pandum	15
CERITA RAKYAT Mula Bukane Alas Kethu	17
CERKAK UTAMA Sapatemon	18
SWARA DWIJA Bocah Jaman Lawas lan Dolanane	23
SWARA SISWA Pandemi, Sirnaning Jaman, Pahlawan	26
WACAN BOCAH Godhong-Godhong Dersana	27
RESENSI BUKU Tatu-Tatu Lawas: Dongeng Mistis tekan Korban Politik	29
NGUDARASA Pesta Demokrasi Padha Karo Udan Dhuwit?	30
DIALEK BANYUMASAN Nyebar Wiji Sastra Jawa Lantaran Jagad Maya	32
MACAPAT Budaya Dhigital	34
SANGGIT Tirta Pawitra Mahening Suci	35

SWARATAMA

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

Penanggung Jawab : Dr. Syarifuddin, M.Hum.
Pemimpin Utama : Sunarti, M.Hum.
Pemimpin Redaksi : Umi Farida, S.S.
Sekretaris Redaksi : Poetri Mardiana Sasti, S.S.

Redaktur Pelaksana:

1. Widiyartono
2. Trimana Laksana
3. Yan Tohari
4. Bambang Sulanjari, M.A.
5. Kustri Sumiyardana, M.Hum.
6. Jefrianto, S.Pd.

Redaktur:

1. Getmi Arum Puspitasari, S.Pd.
2. Vintia Anggraini, S.S.
3. Dian Respati Pranawengtyas, S.S., M.Pd.
4. Citra Aniendita Sari, M.Hum.

Reporter:

1. Afritta Dwi Martyawati, M.Hum.
2. Akhid Anshori Setiawan, A.Md.

Desain Grafis lan Tata letak:

Aziz Nugroho

Keuangan:

Sri Ernawati, S.E.

Sekretariat & Sirkulasi:

1. Ramadhanti Sukma Priyandini, S.E.
2. Bambang Surono

Alamat redaksi:

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah,
Jalan Diponegoro 250, Genuk Barat, Genuk,
Ungaran Barat, Kabupaten Semarang 50512
Pos-el: majalah.swaratama@gmail.com

ISSN 2746-3389

Sacuwil Crita Ngenani Selat Muria kang Ilang saka Peta Nuswantara



Dening: Sinung S.

Kudus kuwi sawijining kutha ing tlatah Jawa Tengah. Ing kutha iku misuwur anane Menara Kudus. Para wisatawan umume padha menyang papan kuwi. Saliyane kuwi ing kutha mau uga kondhang karo soto kebo.

Sok mangkono, mbok menawa isih durung akeh sing pirsa yen ing jaman kawuri dhaerah Kudus kuwi dudu perangan saka Pulo Jawa. Jalaran ing jaman biyen antarane Kudus lan Pulo Jawa kuwi kapisah karo segara kang aran Selat Muria. Jeneng iki dijupuk saka salah sijine gunung paling penting ing Kudus yaiku Gunung Muria. Tumrape masyarakat Kudus, Gunung Muria dianggep penting jalaran ing gunung iki sumare salah sijine wali sanga yaiku Sunan Muria.

Mung emane, ing jaman saiki Selat Muria kang nate misahake Pulo Jawa lan Kudus wis ora bisa kadulu maneh. Anane *pendangkalan* kang gedhen ing segara sisih lor saka Pulo Jawa ndadekake Selat Muria asat sawutuhe. Sawise Selat Muria iki asat, wusanane dhaerah Kudus lan Pulo Jawa bisa nyawiji.

Asate Selat Muria kaduga dumadi kira-kira ing

kisaran abad 15 Masehi. Kahanan iku mesthi wae ndadekake akeh owah-owahan ing Pulo Jawa sisih lor, mligine dhaerah-dhaerah kang cedhak karo Selat Muria.

Jaman isih ana biyen, Selat Muria mujudake selat ing Jawa kang paling rame. Saben dinane ana atusan kapal saka maneka dhaerah ing nuswantara lan mancanegara ngliwati Selat Muria iki kanggo nindakake dol-tinuku. Wong-wong saka nuswantara sisih wetan akeh sing nggawa asil bumine kang utama yaiku rempah-rempah.

Rencanane rempah-rempah iki bakal diijolake karo beras utawa barang-barang liyane kang ora bisa ditemokake ing nuswantara sisih wetan. Sarehne

mujudake dhaerah dagang kang rame banget, mesthi wae iki mujudake kanugrahan tumrap praja kang nguwasani Selat Muria, yaiku Kasultanan Demak. Ngerti yen Selat Muria duwe asil kang njanjekake kanggo majuning praja, Kasultanan Demak sabisa-bisane ngupaya amrih para pedagang utawa sodagar kang nindakake dol-tinuku ing Selat Muria iki tansah aman saka gangguane para perompak lan bajak laut.

Njaga amaning kapal-kapal kang lelayaran ing Selat Muria mujudake laku kang ditindakake Kasultanan Demak. Kuwi mau kanggo narik kapal-kapal liyane murih isa mampir ing Selat Muria kanggo nindakake dol-tinuku. Angkah kaya ngene iki kapetung kasil. Jalaran sawise ditindakake, kapal-kapal kang lelayaran ing Selat Muria tansah ngalami undhak-undhakan.

Emane, merga anane *pendangkalan*, suwe-suwe Selat Muria dadi tansaya cethek. Kahanan iki ndadekake Selat Muria wis ora cocog kanggo lelayaran maneh. Akibatane, akeh kapal-kapal gedhe kang ora liwat Selat Muria maneh. Kamangka sasuwene iki pajek saka dol-tinuku ing pelabuhan Selat Muria kang dijagakake kanggo mbangun praja. Sawise ngerti anane owah-owahan kaya mangkono, pihak Kasultanan Demak banjur mindhahake pelabuhane saka Selat Muria.

Pendangkalan ing Selat Muria suwening suwe tansaya mutawatiri. Awang Satyana, staf ahli SKK Migas, ngandharake manawa bab kuwi amarga Selat Muria kliwat apik kanggo nampa *sedimen* saka maneka papan. Ing sisih kidul ana Zona Kendeng lan Zona Rembang kang erosine kegawa kali-kali kang muarane ing Selat Muria. Sabanjure, ing sisih kulon ana Kali Serang kang duwe hulu ing Gunung Merbabu. Kali iki nggawa *sedimen* saka daerah-daerah kang diliwati. Sarehne kali iki duwe hulu ing Selat Muria, mula sedimen-sedimen sing kegawa dadi salah sijine bahan kang melu ngurug Selat Muria. Kahanan kaya ngene isih ketambahan saka kali-kali liyane kang duwe hulu ing Gunung Muria. Kali-kali iki uga melu ngirim material kang njalari Selat Muria tansaya cethek.

Ing abad 16 Masehi, Selat Muria isih bisa digunakake lelayaran kanggo kapal gedhe yen pinuju mangsa rendheng. Dene ing mangsa ketiga sing bisa lelayaran ing Selat Muria mung kapal-kapal cilik lan gethek wae. Nalika mlebu abad 17 Masehi, Selat

Muria wis akeh sing dadi dharatan. Selat Muria banjur kelakon ilang tenan nalika dalan raya pos Anyer—Pasarukin kabangun rikala jaman paprentahan Gubernur Jendral Herman Willem Daendels.

Pinuju dalan raya pos Anyer—Pasarukin iki dibangun, tilas Selat Muria isih ana sing awujud cerukan lan rawa-rawa. Supaya rancangane lancar, Gubernur Jendral Herman Willem Daendels awèh prentah marang wong-wong ngurug rawa-rawa mau lan curug sisane Selat Muria. Merga ing wektu iku akeh dhaerah sing kekembeng banyu lan dadi sarang nyamuk malaria. Ora wurunga akeh tukang lan kuli sing tiwas amarga kena lara malaria lan ketambah kerja sing kliwat abote.

Ilange Selat Muria iki menehi perbawa kurang apik kanggo kasultanan Demak. Jalaran ana sing duwe penganggèp salah sijine sebab surude Kasultanan Demak salah sijine amarga sudane dol-tinuku ing pelabuhan utama. Kanthi mangkono pajek sing mlebu menyang kasultanan dadi suda.

Nanging ing perangan liya, ilange Selat Muria iki uga nekake kabagyan tumrap wong-wong sing manggon ing Pulo Jawa. Jalaran sing biyene lamun pengin dolan menyang Kudus ndadak nganggo numpak kapal. Sawise Selat Muria ilang yen pengin lelungan menyang dhaerah Kudus cukup kanthi laku dharat.

Sawetara bukti yen Selat Muria kuwi nate ana yaiku akehe fosil kewan laut kang ditemokake ing dhaerah antarane Semarang lan Kudus. Umure fosil kewan laut kang ditemokake ing dhaerah iki kapetung luwih enom tinimbang dhaerah liyane. Yen ing dhaerah liyane racake bisa nganti atusan ewu nganti yutanan taun, umure fosil kewan laut kang ditemokake ing tilas Selat Muria iki ora nganti 500-an taun kepungkur. Tekan saiki panaliten kanggo ngerteni pase ing ngendi Selat Muria isih terus ditindakake.

Saka anane panaliten iki diajab bakal bisa diweruhi owah-owahan alam lan kondhisi dharatan ing pulo Jawa, lan sing ora kalah penting asil saka panaliten kuwi bisa digawe sarana mitigasi bencana ing dhaerah kang dinuga tilase Selat Muria. Jalaran papan sing biyen mujudake tilas Selat Muria iki kerep yen mangsa rendheng banget kena bencana banjir. Kanthi anane mitigasi bencana sing trep kerugian kang disebabake banjir sithik-akeh bisa disuda.

Serat Tripama kanggo Piwulang Generasi Mudha



Dening: Reni Dwi Wardani

Serat Tripama iku salah sijining karya sastra kang awujud tembang macapat. Tembang kang digunakake mung siji, yaiku Dhandhanggula. Dene, gunggungé tembang ana pitung pada. *Serat Tripama* dianggit dening Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya (KGPA) Mangkunegara IV, adipati ing Pura Mangkunegaran (1809 – 1881) Surakarta.

Serat Tripama asale saka rong tembung yaiku *tri* lan *pama*. *Tri* duwe teges ‘telu’ lan *pama* duwe teges ‘tuladha/conto’. Dadi, menawa nyawiji tegese tuladha kang cacahé ana telu.

Serat Tripama kawiwitan kababar ing buku kumpulan karya Mangkunegara IV jilid III (1927). Serat mau wose piwulang kaprajuritan ing wayang, yaiku Patih Suwanda, Kumbakarna, lan Basukarna. Adhedasar analisis para ahli sastra, *Serat Tripama* dianggit supaya bisa dituladhani ora mung kanggo prajurit, ananging uga bisa kanggo para pangarsa, bebrayan, lan generasi mudha utawa generasi milenial ing jaman saiki.

Ana pasinaon sekolah, mligine ing SMA *Serat Tripama* dilebokake ing *materi pembelajaran*, kanthi ancas yaiku para siswa minangka generasi peneruse bangsa bisa sinau lan nuladhani saka telung paraga wayang, yaiku sepisan Patih Suwanda, minangka Patih saka negara Maespati kang watak utamane arupa setya tuhu marang rajane yaiku Prabu Arjuna Sasrabahu. Pangabektene Patih Suwanda ana telung prekara yaiku, *guna* kang ateges ‘pana’, ‘pinter’, lan ‘trampil’, *kaya* kang ateges ‘sarwa cukup utawa kasil’, lan *purun* kang ateges ‘gelem’ utawa ‘wani maju’. Tumindak saka Patih Suwanda iki bisa ditiru dening generasi mudha yaiku minangka generasi penerus bangsa kudu trampil lan lantip utawa pinter samubarange kanggo majuning bangsa lan negara. Generasi mudha utawi generasi milenial kudu *purun* utawa gelem ngrembakakake potensi kang diduweni sing ana ing dhiri pribadi kanggo bangsa lan negara. Saliyane kuwi, para milenial uga duwe watak kang utama yaiku bisa dadi generasi kang kuwat lan ora gampang pasrah supaya bisa kasil apa kang dadi gegayuhane.

Kaping pindho paraga wayang ing *Serat Tripama* yaiku Kumbakarna. Kumbakarna minangka satriya saka Alengka, adhine Dasamuka. Kumbakarna minangka satriya kang nduweni watak *bela negara* utawa ing basa manca misuwur kanthi unen-unen *right or wrong my country*. Sanadyan Kumbakarna awujud raksasa ananging dheweke mungguh kautaman yaiku mbelani bangsa lan negarane.

Sadurunge dumadi perang, Kumbakarna wis menehi piweling marang kakange, Dasamuka, supaya mbalekake Dewi Sinta kanggo kaslametaning negara Alengka. Nanging, Dasamuka ora maelu omongane Kumbakarna. Dheweke malah banjur nundhung Kumbakarna saka negara Alengka.

Ana ing jaman saiki rasa tresna marang bangsa lan negara kudu diduweni generasi mudha. Kuwi kabeh kanggo majuning bangsa lan negara. Kaya kang wis dicontokake dening Kumbakarna kang lila legawa ngorbanake awake kanggo bangsane. Minangka generasi mudha lan generasi penerus bangsa bocah-bocah kudu bisa njaga bangsa iki kanthi nyawiji, ngorbanake jiwa raga kanggo bangsa lan negara. Kuwi mau kaya watake Kumbakarna.

Kaping telu Basukarna utawa Adipati Karna. Minangka satriya kang ana ing *Serat Tripama* watak wantune kang bisa dituladhani yaiku watak setya tuhu marang Prabu Duryudana. Karna dudu satriya kang mbelani Kurawa kang angkara murka, nanging ngugemi janji marang Duryudana kang wis menehi pangkat drajat. Minangka satriya kang utama, Karna luwih milih ngugemi janji tinimbang melu adhi-adhine ing madyaning paperangan. Karna luwih milih ngorbanake jiwa ragane kanggo Duryudana sanadyan dheweke ngerti menawa tumindake ora bener. Ing Perang Bratayuda, Karna gugur kena panahe Arjuna. Bobot aji kang bisa dituladhani kanggo generasi mudha yaiku anggane nuhoni janji. Dheweke ngugemi janji kang wis diucapake nganti ngorbanake jiwa lan raga. Kuwi mau minangka salah sijine watak kang utama, amarga nyelarasake pangucap lan tumindak. Apa kang diomongke jumbuh karo apa kang ditindakake.

Telung tuladha paraga wayang mau bisa ditrepake kanggo bebrayan Jawa, mligine kanggo generasi penerus bangsa. Wis lumrahe menawa wong Jawa bisa nuladhani saka tumindake telung paraga wayang iku. Samesthine yen tuladha sing apik kudu ditiru supaya bisa dadi manungsa kang utama.

Layang Pungkasan



Dening: Rusdi

“Kring....Kring.... Kring.”

“Pos. Pos.” swarane tukang pos keprungu banter banget. Aku sing lagi lungguhan enggal mlayu metu omah. Aku nemoni tukang pos sing wis ngadeg ing latar ngarep omah. Aku enggal nampani surat saka Pak Pos iku. Dak waca, kanggo Dhik Yanti ing Gadel, Kedalon. Pancen bener iku aku. Enggal wae aku tandha tangan ing buku bukti kiriman yen surat wis daktampa. Ora lali ngucap matur nuwun. Terus wae tukang pos mlayokake kendaraane saperlu ngirim surat-surat liyane. Wong pancen iku wis dadi pakaryane.

Sawise tukang pos wis oncat saka ngarep omah, aku langsung wae mlebu omah maneh. Layang kanggo aku enggal dakwaca pengirimane. Jebul ing suwalike ora ana alamat pengirimane. Lho iki rak surat kaleng. Nyasar apa pancen disasarake. Iki lho sing marahi ati dag dig dug. Njur saka sapa surat iki?

Suwe anggonku mikir ning kok ya ora ketemu sapa kira-kira sing kirim surat iki. Merga penasaran, dakwaspadakake perangkonane. Lho kok saka Pati. Sapa ya kancaku sing omahe Pati?

Mikir aku saiki. Ning kok ya meksa angel ketemune. Nek Ayu ora. Wong biyasane SMS apa tilpun wae. Nek Dina ya ora. Wong cah siji iki ora seneng kirim surat. Senengane langsung wae mara omah. Lha njur sapa?

Alon daksuwek sampul surat warna putih sing perangkonane gambar *pemandangan* alam Indonesia. Lho, isih ana amplop surat maneh warna ungu. Ing kono tinulis *Kanggo Dhik Yanti ing Gadel, Kedalon*. Bener iku aku. Dakwalik amplop cilik iku. Ing kono ana tulisan *Saka Satya ing Pati*.

Deg. Rasane dhadhaku kantep bareng ngerti surat saka Mas Satya. Pancen aku kenal lan tresna karo Mas Satya iku. Dheweke nunggal kampus karo aku nalika kuliyah. Padha-padha jurusan Bahasa Jawa. Gawang-gawang kelingan kelakon kepungkur nalika kuliah ing UNNES Semarang.

Nalika aku lagi njingglengi koran ing perpustakaan, ora kenya ana wong nyedhak. Bareng daktoleh jebul Mas Satya, kakak tingkatku.

"Aah, lagi asyik ya. Ana berita apa, Dhik?" pitakone karo melu lungguh cedhak aku.

"Alaah Mas, biyasa. Mahasiswa demo. Akeh pejabat korupsi." jawabku santai wae.

"Gak ana kuliah, Dhik?" pitakone maneh.

"Ngerti ning kene. Ya mesthine ra ana kuliah." jawabku entheng sajak ora nggagas.

"Wah, isa maca koran iki."

"Nyoh. Iki wacanen.." semaurku karo ngadeg.

"Lho, kok nesu. Keganggu ya?" pitakone.

"Gak. Arep golek buku."

"Golek buku apa?"

"Ra urusanmu." jawabku rada sengol.

"Lho...lho kok malah saya nesu."

"Terserah." jawabku karo ngalih ing papan liyane. Perlune mung ngedohi Mas Satya.

Sing daktinggal mung ngawasake wae. Aku njur mesem sajak menang. Lha kepriye? Mas Satya cowok gantheng. Ketua HMJ jare. Sing naksir akeh. Lha kok nyedhak aku. Jane mono aku ya seneng wae. Ning iku lho resikone. Kudu wani dimungsuhi kanca-kanca sing uga naksir. Isa-isa aku dijothak kanca-kana. Rak kojur?.

Nanging, dhasar wong bagus, ning aku ya tetep seneng. Pisan pindho dheweke dolan ing kos-kosanku. Pisan pindho ya daktemoni. Mesakake? Apa maneh wong isih nunggal dhaerah. Ya, ra kepenak karo Mas Satya lan kanca-kancaku kabeh.

Sawijining sore, aku kudu bali ning Pati. Nalika ngenteni bis saka Gunungpati tekan Terboyo, aku weruh bis tekan Banaran. Aku enggal ngawe bis supaya mandheg. Aku terus wae mungguh. Aku nyawang lungguhan saperlu golek panggonan. Sapa ngerti ana kursi kothong.

Deg. Jantungku trataban. Ing kono, ing bis sing daktumpaki ana Mas Satya. Lha kok ya kursi sing kothong ngepasi sing sisihe. Dhuh Gusti? Iki kebeneran apa pancen kersaning Gusti? Wah, yen aku ngadeg, mesthine ya lara kabeh wong nganti tekan Terboyo. Lha kok ora? Saka Banaran tekan Terboyo meh sakjam jare. Yen ngadeg rak ya keju to sikil iki. Gelem ora gelem aku enggal nyedhak panggonane Mas Satya. Bareng wis cedhak, aku enggal omong.

"Kosong, Mas?"

"Eh, iya. Mangga!" jawabe kebak kemenangan.

"Amit." aku enggal lungguh ing sisihe Mas Satya.

"Arep ning ndi, Dhik? Kok sore-sore lunga?" pitakone sawise bis mlaku. Mbok menawa mbuwang sepi.

"Bali, Mas." jawabku cekak.

"Wah, adoh. Mengko rak liwat Surabaya, Dhik?"

"Mulih, Mas. Mulih Pati. Ora arep lunga nyang Bali," jawabku rada mangkel.

"Walah, wong diomongi ngono wae kok nesu."

"Lha ra nesu piye? Mesthi wae digodha. Lha mbok nek seneng omong? Nembung. Ra sah nggodha wae," jawabku semu nantang. Yen mung nembung tenan rak yes. Kutrima cintamu. Ha...ha... ha...

"Tenan, po ra?" ucape sajak ora percaya.

"Tenan. Lha wani ora? Jagung bakarane,

tanggung perkarane,” jawabku entheng wae.

“Dhik, jan-jane aku wis suwe lho ngendhem rasa. Gelem ora dadi pacarku?” ujure Mas Satya.

Bar iki. Daktantang ben ora mbeda aku, saiki malah ngene. Aku meneng wae. Bingung aku. Lha piye ora? Karepku ben ora akeh leh ngomong, lha kok tenan. Sida bathik bakaran iki. Sida tenanan ngene iki.

“Lho, kok meneng wae? Apa perlu dakbaleni?”

Aku unjal ambegan landhung. Mikir tenan sirah iki. Yen daktrima, kok cepet men nggonku nampa. Yen daktolak ya eman-eman. Priye ya? Aku mikir suwe.

“Wah, sajak kangelan olehe mangsuli,” ujure wiwit mbeda maneh.

“Mas, aku durung bisa njawab masalah iki. Wenehi wektu sesasi ya, dakpikire,” tembungku alon kaya wong kalah dhadhu. Lha thik ora. Mau aku nantang lha saiki njaluk wektu kanggo mikir. Blaik tenan.

“Ya sewulan lho ya. Gak luwih.”

Aku manthuk. Wong loro meneng mbok menawa lagi ngenam pikire dhewe-dhewe. Tekan Terboyo, aku mudhun saka bis lan enggal golek bis jurusan Pati. Semono uga Mas Satya. Wong ya padha-padha saka Pati.

“Dhik, bareng wae. Wis surup. Saora-orane tekan Pati.”

Aku manthuk nyetujoni. Nalika ana bis jurusan Surabaya aku karo Mas Satya enggal munggah lan lungguh jejer maneh. Ning iki rasane ora kaya mau. Rasane ayem banget.

Dina-dina candhake, aku nampa Mas Satya dadi pacarku. Donya rasane kaya duweke wong loro. Lha wong liya? Nyewa yake. Dina-dina kebak kamulyan. Urip rasane ayem lan seneng. Ana sing ditresnani lan uga nresnani aku. Nganti lulus aku isih tetep ketemu karo Mas Satya. Saiki aku wis mulang, semono uga Mas Satya. Dadi wong loro, kepengin enggal-enggal ngresmekake anggone tresna lan asih kuwi. Wis sewulan iki Mas Satya ora tau nemoni aku. Uga ora tau telpon utawa SMS. Mbok menawa wae sibuk anggone nyambut gawe. Ndadak ana surat. Piye ya isine surat iki?

Enggal wae amplop daksuwek. Surate

dakbukak lan dakwaca. Tulisane isih panggah kaya nalika isih kuliyah kae. Apik tur rapi.

*Kanggo Dhiajeng Noviyanti
ing Gadel, Kedalon.*

Sepuranen aku ya Dhik. Aku ora bisa ngleksanani janjiku nalika semana. Aku ora bisa nerusake sesambungan katresnan karo sliramu. Aku kudu nikah dhisik, Dhik. Iki pilihane wong tuwaku. Aku ora bisa nulak apa maneh nduwa kekarepane wong tuwa sing wis ngukir jiwa ragaku. Sepisan maneh apuranen aku ya, Dhik.

Muga-muga sliramu enggal oleh ganti sing bagus, gagah, tanggung jawab, lan tansah nresnani sira. Semene wae ya, Dhik. Ing pungkasan, aku njaluk pangapuramu kanthi ikhlas.

Nuwun.

Satyagraha

Dhuerrr. Kaya bledheg rasane dhadhaku. Ambrol luhku sanalika. Wong lanang kang banget daktresnani jebul mung kaya ngono. Ora pantes yen jenenge Satyagraha. Babar pisan ora setya karo janjine dhewe. Malah mungkir saka pangucap dhewe. Dhuh, Gusti Dewa Bathara, paringana pepadhang tumrapku kang lagi nandhang tangis duhkita iki. Aku nangis sesenggrukan. Wong sing daktresnani, dakgadhang-gadhang dadi jatukramaku jebul kaya ngono. Ninggalake aku.

Seminggu sawise nampa layang pungkasan iki, aku oleh undangan resepsi ing Pati. Dakwaca undangane. Duh, temantene Mas Satya karo Niken Sulastri.

Lho? Iki rak kancaku kuliyah kae. Jebul, Mas Satya karo Niken kuwi pacaran ing mburiku. Kancaku jebul nekek gulu saka mburi. Pacarku ngapusi aku mentah-mentah. Dhuh, Gusti paringana kekuwatan. Mas Satya pancen ora setya. Muga iku layang pungkasan. Layang kebak sungkawa lan panalangsa. Muga aku enggal oleh ganti.

Rusdi, S.Pd.,

guru bahasa ing SMP Negeri 1 Jaken Pati

Kudune, Dhalang Iku Ora Kurang Lakon

Dening: Triman Laksana

Sawijining cerkak ora bakal tiba saka langit ujug-ujug. Nanging, sing prelu kanggo pepeling, minangka penulis iku mung menungsa lumrah, dudu nabi sing duwe sipat istimewa, entuk wangsit lan wahyu saka langit. Mulane, aja nganti kentekan akal, bisa ngupadi endi parane lan dununge idhe. Ora mung nunggu, nanging nggoleki sumbere idhe.

Menawa idhe iku wis kecekel, banjur pinter-pinter anggone nggulawenthah supaya asil tulisane becik lan gamben. Ora mung waton nyuntak, tanpa ana greget uga alur sing nengsemake. Apa maneh, nalika ngripta babagan paraga utawa tokoh, ana kene prelune wantune. Sanajan tetep mung ana *protagonis* lan *antagonis*, nanging anggone nggambarake mung ireng lan putih kanthi wantah.



Watak lan wantune paraga digarap kanthi pas, trep, lan bisa dianggep kaya paraga sing pancen bisa gawe sing maos cingak, uga gregeten. Ana adhedhasar paraga iki, ya, bisa nuwuhake *konflik* sing bakal dibangun ana ing cerkak kang bakal ditulis. Mula, menawa cerkak iku ora ana konflik, dadine yang mung crita ndlujur, njuwarehi. Kaya sayur tanpa uyah. Kemba lan njelehi.

“Cerkak iku luwih becik ditulis wae, awit teori lan rumusan apa wae, tetep bakal kurang,” ngendikane Seno Gumira Ajidarma. Nanging, anggane nulis, ya, aja nganti sakepenake dhewe. Prelu diwenahi bumbu, rasa ing ati, uga dicawisake wis titiwancine. Sing ora kalah penting, pancen mirasa.

Sepisan maneh, cerkak iku bisa katitik saka irah-irahane lan paragraf sepisanan. Iki bisa dadi lelandhesan tumrap panganggit. Menawa, irah-irahan lan paragraf sepisanan wis ora duwe greget, bisa diarani cerkak iku wis kurang nges.

Kaya cerkak “Layang Pungkasan” tulisane Rusdi iki. Saka irah-irahane, wis katon ngalela, menawa alur critane bisa kanthi gampang ditebak. Uga, sing paling penting, babagan wektu lan jaman. Mbokmenawa, generasi milenial ora mangerteni babagan layang. Apa maneh, magepokan karo perangko. Kamangka, cerkak iki ditulis ing jaman digital iki. Dadine, kurang *komunikatif* kanggo sing maca, para generasi saiki. Upama irah-irahane diganti “Email Pungkasan”, utawa “WhatsApp Pungkasan”, bisa katampa kanthi gamblang.

Kanggo prolog utawa pambuka cerkak, ana sing pancen aneh, ing jaman saiki.

“Kring...Kring...Kring”

Jelas, menawa iku swara sepedha onthel. Kamangka, tukang pos saiki wis padha nganggo sepedha montor. Iki sing kudu dipermati dening penulis. Bisa menehi tetenger endi papan, endi wektu.

Alur crita ing cerkak “Layang Pungkasan” iki ndlujur, ora ana mundhak mendhukule, konflik babar pisan ora digarap, kanthi paraga Aku (Noviyanti) lan Setyagraha. Apamaneh, anggone

nggarap critane kurang rabuk. Dadine, cerkak iki kaya wong nyuntak ati wae, durung menehi nyawa marang isi lan dalan critane. Tembung-tembung sing karakit dening Rusdi, kurang menehi gegambaran kang mentes. Watak saka paraga ditilapake, ora digarap kanthi teges lan tenanan.

Iki dijupuk biyasane wae, menawa Satyagraha arep medhot katresnane marang Noviyanti lan arep ningkahan. Sing dikirim mesthi dudu layang, nanging undhangan anggone arep rabi.

Apamaneh, anggone ngolah crita biyasa lan katon *klise*. Pacelathon ing antarane paraga kurang greget, mung nyuntak tembung-tembung memanis wae.

Apamaneh, kanggo penutup cerkak utawa *ending*, durung bisa dirasakake sing maos melu mlebu ing crita lan menehi gegambaran anyar marang crita sing dicawisake.

“Muga iki layang pungkasan. Layang kebak sungkawa lan panalangsa. Muga aku enggal entuk ganti.”

Eman banget. Kudune, dhalang iku ora bakal kurang lakon. Sanajan, idhe mung prasaja, nanging menawa diolah kanthi becik, bisa dadi crita sing ngedab-edabi.

Sepisan maneh, menawa nulis iku gampang, nanging banjur aja terus nggampangake.

Sumangga!



Aneng Pendhapa Sasana Adi Praja

Dening: D' Eros Sudarjono

Ujaring kandha
Balitar duk semana
cancut gumregut ngrabaseng yuda
bangsa Tartar ginebah lunga
Nilasuwarna winisudha

Nyata anglamlami
papan tetirah mangsa kawuri
sineksen bleger candhi
agung merbawani
kelun dupa rapal donga suci

Taun mangsa gilir gumanti
tinulis lembaraning rina klawan wengi
sapa bisa kumbi?

Nuli aneng regeng adicara
amung sedya ngupakara
tilaran aji yasan pra pujangga
gancaran gegambaran laku manungsa
sarta gurit rangken endah ukara
marsudi laku utama

Ing kene,
sun tegesi tilas lungse
pangajab lestari tumeka tembe
Jombang, 22 Pebruari 2023

Sumur Jobong

Dening: D' Eros Sudarjono

Kondhang angumandhang
keluk dupa nggayuh awang-awang
ngumbara tanah sabrang

Nlisik lembaran wektu
mangsa taun lumaku kebak tatu
uga gebyar teja sumebyar madyapada
nyawiji nuswantara
dhampar keprabon gung binathara

Aneng ngendi gandamu?
sawise kerem kasolot geni dahuru
karoban ubaling napsu

Amung jobong minangka tengara
lelakon duk semana
kuncaraning praja
wiring Brantas nggegem crita
prasasti tansah jinaga

Jombang, 20 Pebruari 2023

BIODATA PANGGURIT



D' Eros Sudarjono, lair ing kutha Jombang, Jawa Timur taun 1970. Jebolan Jurusan Bahasa & Sastra Inggris, saliyané nulis gurit, puisi, cerpen, lan cerkak, uga nglukis (sketsa). Puluhan karyane wis kacithak lan katerbite ing pirang-pirang antologi. Tulisan-tulisane uga wis nate kaemot ana sawetara majalah cetak lan elektronik (*Jayabaya*, *Mekarsari KR*, lan *Panjebar Semangat*). Buku karyane yaiku Kumpulan Geguritan *Rembulan Mangsa Ketiga* (Penerbit Boenga Ketjil, 2021), Kumpulan Cerita Cekak *Blai Slamet* (Penerbit Boenga Ketjil, 2022).

Awan, Bocah, karo Ayam

Dening : Imroatus Solekha

Awan-awan pada tukaran
Kana-kene padu cakar-cakaran
Srengenge sing ejeg-ejeg teka
Malah melu kena tendhangan

Bocah padha bal-balan
Rebutan bal sing anane mung siji,
Tendhang-tendhangan

Gerombolan ayam
Padha gelut mana-mene otot-ototan
Siji-siji ora sadhar lanjut terus padha
ngathang-ngathang
Gagal dadi jagoan

Awan, bocah, karo ayam
Sekabehe kuwe pada-pada gaweane Gusti
sing nduwe alam
Kabeh nduweni usaha nganti pol-polan
Tapi ora kabeh sing kowe pingini bisa
kedadeyan

Semarang, 29 November 2022

Narima Ing Pandum

Dening : Imroatus Solekha

Geni tak uripna
Tak timpa wajan nang ndhuwure
Ndhog-ndhog kading kulkas,
Ejeg-ejeg mlayu baris sarwa tata
“Hee, mengko, mandheg ndhisit, enyong ndhikit kiye”,
Calathu si lenga lentik karo langsung nyebur maring
wajan
Ndhog siji nyelethuk takon,
“Nangapa kowe kok kesusu banget ngadhepi takdir?”
“Iki wis dalanku. Aku manut, kelas napa maring dalane
Gusti.”
Sumaur lenga berbarengan karo lebur awake nyatu karo
wajan lan panase geni

Semarang, 29 November 2022

BIODATA PANGGURIT



Imroatus Solekha lair ing Pemalang, 24 Februari 2001. Saiki lagi sekolah ana ing Universitas Negeri Semarang prodi Sastra Indonesia, konsentrasi Linguistik. Seneng nyorat-nyoret buku lan ndeleng lakon sing ana nang pikirane.

Mula Bukane Alas Kethu

Dening: Arih Numboro

Alas Kethu mapan ana ing sapinggire kutha Wonogiri. Alas kuwi kalebu ing wewengkon Kelurahan Giriwono, Kecamatan Wonogiri, Kabupaten Wonogiri.

Crita iki kawiwitan nalika Raden Panji diutus Raden Patah, ratu ing Demak Bintara, nemoni Ki Kesdik Wacana. Dene perlune kanggo mundhut kidang ing alas papane Ki Kesdik. Kidang mau arep kanggo pasren ing negara Demak.

Sawise bisa nemokake dununge Ki Kesdik, Raden Panji banjur ngaturake kersane Raden Patah. Sabanjure Ki Kesdik nyekel kidang cacah 16.

Supaya Raden Panji gampang anggone ngasta menyang negara Demak, kanthi kasektene, Ki Kesdik nglebokake kidang cacah 16 kasebut ing sajrone bumbung pring petung. Sawise bumbung kasebut disumpet, banjur kaaturake marang Raden Panji. Ki Kesdik meling marang Raden Panji supaya ora mbukak bumbung kuwi sadurunge tekan praja Demak.

Sadalan-dalan Raden Panji mung ngangen-angen marang kaelokan sing ditindakake Ki Kesdik semu ora percaya. Dheweke ngemu rasa kuwatir manawa diapusi dening Ki Kesdik lan mesthine bakal

antuk duka saka Raden Patah. Mula, Raden Panji banjur mbukak sumpete bumbung nalika leren ana ing sawijining alas. Dumadakan saka njero bumbung metu kidang cilik-cilik sing saya suwe saya gedhe lan banjur lumayu.

Meruhi kaelokan mangkono Raden Panji mung mlongo. Bareng kidang-kidang kuwi wis lumayu adoh, Raden Panji lagi eling lan banjur nututi palayune kidang saperlu nyekeli kewan-kewan kuwi. Nalika nututi kidang-kidang kuwi, Raden Panji ora krasa manawa kethune tiba amarga nyenggol pang wit-witan ing alas kasebut.

Jalaran saka kasektene, Ki Kesdik pirska kedadeyan sing dialami dening Raden Panji. Mula, dheweke banjur ngupadi dununge Raden Panji.

Ing satengahe alas, Ki Kesdik nemokake kethune Raden Panji. Lan ora antara suwe Ki Kesdik uga banjur nemokake Raden Panji. Raden Panji banjur njaluk pangapura. Ki Kesdik duka lan banjur maringi paukuman marang Raden Panji. Raden Panji kasabda dadi kidang wulung minangka tetuwanggane kidang-kidang ing alas kasebut. Dene alas kasebut uga banjur diparingi tenger Alas Kethu sing dijupuk saka tembung kethu agemane Raden Panji.

Sapatemon

Dening: Eko Wahyudi Merapi

Gelas isi wedang kopi kang nembe kalong telung sruputan kuwi ambyar tiba ing jobin granit merga kesampluk tangan kiwaku. Gela. Cetha ati iki gela. Bisa nggelani kopine, gelase, lan swasana kang mesthine mirunggan dadi ora jenak. Arep ngadoni kopi meneh kok dadi ora krasa enak. Wis ora kepengin ngopi meneh.



Hawa kang atis, udan sore kang kari sisa-sisane pating tletik, angin midide ora pati kekes, nambahi krenteg nyruput *kopitnasthel* – kopi pait, panas lan kenthel. Nyamleng tenan. Mangka yen arep gawe meneh rak mung kari gawe, kabeh wis sumadya. Malah yen perlu cukup aba Tiyas utawa Ardi sing dakpercaya ngemonah angkringan.

Tangan iki mau kok ya ndadak saweyan. Gek aku mau ngewaske apa, utawa lagi kepikiran apa nganti ora nglegewa nyeleh kopi ing perangan kang kurang trep. Satemah gampang kesenggol.

“Ana apa Pri, sajake ana perkara wigati kang gawe goreng ati?” pitakon kang gawe kaget. Ya, pawongan iki gawe bathukku njengkerut, nglambrangake pikiran tekan saparan-paran kanggo nemokake jawaban sapa wong sing ujug-ujug ana ngarepku iki. Gek wonge ngundang jenengku Pri lan ngoko bae, mesthi wis wanuh banget marang aku.

“Kok malah bingung, nek ditakoni kuwi wangsulan, ora ngembang duren, dlongap-dlongop. Apa ta perkaramu Pri?”

“Ora, ora ana masalah apa-apa, kene-kene lungguh kene. Jagongan sing kepenak.” sidane dakwangsul pitakone. Senajan gugup, nanging dakgawe kaya-kaya wis kelingan sapa dheweke. Nyatane durung, aku durung kelingan. Dakemper-emper sapa bae kanca sekolah kok ora nemu. Pawakane gedhe dhuwur, gagah pideksa. Bagus merbawani. Nyandhange resik nuduhake patrap pegaweyane ing papan kang resik. Jaket kulite ora dislerakake, mbledheh nanging nambahi pantese. Mobile kelir putih memplak, diparkir methis banget. “Sugih”, tembung iku satleraman mampir ing bathukku.

“Dadi ana kene olehmu bukak kafe Pri, manteb tenan. acung jempol loro, wah nek perlu papat sisan, hahahahah.” guneme mbukani swasana ngakrabi. Panyawange muter namatake kabeh rerenggan kang daktemplekake ing tembok-tembok.

Pigura isi gurit-gurit cekak sengaja dakpajang dimen disawang sing padha andhok. Senajan nganti iki durung ana sing nyaruwe apa karepe larik-larik ukara abasa Jawa iku. Ya lagi iki, wong siji sing kawit mau rumangsa banget kenal aku awèh pengalem. Klebu njingglengi gurit kang ana sacedhake lungguh. Dheweke nganti ngadeg menèh nyedhak lan maspadakake gurit ing pigura iku. Aku mung nyawang polahe. Dakuja sakatoge.

“Kowe isih seneng nulis kaya iki Pri, apa ora ana pegaweyan sing luwih kurup, apa pancen gegayuhanmu iku cukup kaya kuwi?” nyenges pitakone. Nembe bae atiku ngalem merga ana sing gelem njingglengi gurit alit iku. Tibake malah gawe njarem ati. Senajan panemune ana benere, nanging rak ya ora dicethakake ukurane antarane kurup apa ora kurup. Gurit iku diracik mawa lelimbangan rasa, ora angger nulis, kok mung disewiyah karo tembung-tembung *komersialis*. Ora dakselaki yen aku butuh dhuwit, nanging gurit-gurit kang daktulis ora kudu ditaker nganggo dhuwit.

“Gurit-gurit iku dudu tulisanu kabeh, gurite para sepuh kang tembung-tembunge ampuh dakpajang, ana gurite mitra lan malah gurite *junior* kang nembe gladhen nulis, uga dakpajang.” wangsulanku mbebelati. Wong iki ngerti yen aku seneng nulis. Kancaku sekolah biyen ya akeh sing ngerti yen aku seneng nulis, apa iki si Gito sing seneng maca tulisanu ing samak buku. Dheweke saben nyilih Garapan PR-ku mesthi kober mbiyaki tulisan-tulisanu.

Jan-jane ora merga seneng maca tulisan, nanging merga PR-ku kuwi dakgarap ora urut lembaran buku tulis sing pungkasane cathetan. Dadi yen sing durung ngerti caraku, kanca-kanca kang kepengin nyonto, ngira yen aku durung garap PR. Mangka neng lembaran mburi utawa tengah rada primpen. Gito sing wis apal, dadi mesthi mbiyaki buku. Pisan pindho sok nemu gurit-guritku kang ujud orek-orekan. Aku ora owel, mung kepengin kanca-kanca iku ora gampang njagakake lan ora golek penake thok.

“Iki mau seka ngendi apa arep menyang ngendi, kok gelem mampir ing angkringanu iki?” pitakonku njajagi bener apa dudu wong iki Gito anake “wong duwe” ing jaman sekolah biyen. Ya bener, nyatane saiki isih ketok yen wong duwe. Racake kanca-kancaku sekolah biyen sing anake wong duwe kuwi arang gelem rekasa. Salah sijine ya Gito iki, angger ana PR mesthi njagake aku. Ning ya ana apike, dheweke isih duwe rasa, saben wayah ngaso aku diijake mbanggula utawa slondhok.

Atiku seneng, ning ora jenjem. Nggarap PR iku pegaweyan aji lan kinurmat kanggone murid kang mituhu dhawuhe guru. Yen nggarape akeh sing luput, mesthi dadi panguman-uman guru. Murid kaya ngono kuwi orao dipoyoki mesthi isin dhewe. Saben-saben Gito utawa kanca liyane arep nyonto PR-ku mesthi

daktulak, emoh, ora oleh. Kok penak temen, ora ana rekasane nanging melu jayane. Dijakna apa lan diwenehana dhuwit sepira, aku emoh.

“Kafe apik-apik kaya iki kokarani angkringan, apa ora jeneng ngelek-elek usahamu, ngudhunke drajade wong usaha, aku weruh sepisan iki bisa kepranan marang gagasanmu, kok malah mung diarani angkringan.” pancen wong iku yen ukurane angka lan brana ya kaya kuwi panemune. Ora tembus rasa pangrasa. Kanggoku drajad pangkat iku ora gumantung marang jeneng lan sepira kertaajine, nanging dumunung carane naker lan nglelimbang.

“Asua belang yen kalungan wang tetep dilirik wong lho. Pancen aku luwih ayem ngladeni para pelanggan ing papan kang dakjenengi angkringan iki. Mesthi ora gawe gojag-gajege wong kang kepengin andhok. Bab rega, kepriyea bae, tetep dadi tetimbangan pokok. Kabeh-kabeh kepengin murah ta. Ya ana kene iki panggonane.”

“Aja selak, apa sing dibutuhake wong urip kuwi, rak ya dhuwit, donya brana, nyatane wong-wong kae padha nungsang njempalik, sing diburu ya mung dhuwit. Ora preduli yen kudu adol rai, isih rumangsa kurang senjata adol wirang. Jagad iki tansaya wengis, dadi aja nganti awake dhewe iki ketlindhes rodhaning jaman. Kaya pujangga kae, nek ora melu edan ora keduman. Hahahha.”

“Kuwi panemumu, dudu aku, dudu awake dhewe. Sing kepengin edan ya mangga, sing kepengin waras ya mangga. Aku milih sing eling lan waspada.” Kudu daksengak guneme mundhak ketlanjutan. Wong disemoni kok ora rumangsa.

“Teyorine pancen ngono, sawangen aku, nyatane bisa mukti, apa-apa keturutan. Ora liya merga dhuwitku akeh. Kabeh bisa daktuku. Yen prelu nyawa bae daktuku. Hahahahaha.” Nyangklak guneme wong sing dakarani Gito iki. Kawit mau dakemper-emper kok durung pener sapa sejatine dheweke.

Aku ora arep takon sapa dheweke, ora prelu, ora ana wigatine. Bisa-bisa tambah gedhe endhase. Dumeh wong gedhe sing jarene kajan keringan. Ah, ora. Ana angkringan iki ora ana gedhe cilik. Kabeh dakangep padha. Cetha drajade padha-padha wong kang lagi andhok ngopi lan icip-icip olahan pangan cara desa. Kabeh ora ana sing daktakoni sapa jenenge.

Sawetara dheweke bali lungguh. Banjur aba digaweke kopi sing paling istimewa. Tyas dakawe lan

enggal ngracik kopi sing dadi penjaluke. Hape sing ana sak klambine ditokake nuli diseleh ana meja. Aku lan dheweke dadi sapejagong adu arep. Wah, sajak wigati banget rembugane. Hawa adhem dadi ilang blas. Kopi sing wutah lan gelas sing pecah mau uga ilang saka panggubete pikir.

“Kowe kelingan Gito ora Pri, dheweke wis ora ana. Umure nyatane ora dawa kaya awake dhewe.”

“Jabang bayi, Gito wis ora ana? Muga-muga jembar lan padhang kubure. Lara apa kacilakan?” wong iki kaya ngerti yen lagi dakbatin.

Geneya atiku malah dadi tansaya penasaran. Apa pedahku, Gito wis ora ana apa isih sugeng, isih dadi wong duwe apa sekeng iku dudu urusanku. Ah, kegawa batinku kang ngira wong iki mau Gito jebul wong liya. Gito malah dikabarke wis ora ana.

“Wis, ora prelu ngrembug Gito, kuwi kabar wis kliwat. Saiki awake dhewe sing isih urip iki kepriye carane supaya ajeg murub, iya ora?” lungguhe diprenahake supaya katon yen arep rembugan tumemen.

Rumangsaku kawit teka mau wong iki ya wis tumemen. Rumangsa wis kasil mbukani rembug, ngenggak-enggakake rembug, lan pungkasan iki nembe rumangsa arep matengake rembug. Wong modhele kaya ngene entek-entekane ngrembug dhuwit. Bisnisan sing embuh jantrane. Ngumbulake angen-angen kang be bathene sundhul langit.

Aku ora kepengin keblusuk ing rembugan kaya mangkono. Urip rasane mung diburu pengarep-arep kang ora cetha. Bathi gedhen wujud mung impen. Tuna gedhe ngincim saben wektu ora leren-leren. Urip kaya ngono kok arep murub, pawitane murub bae wis mobat-mabit, kepriye bisane padhang?

Batinku nggleges, kadhangkala kudu ngguyu. Wong urip kuwi jane sing digoleki apa? Pambudidaya kanggo njejegake kendhile biyunge kulup pancen takerane dhewe-dhewe. Ora kena dipadhakake lan dibandhing-bandhingke. Apameneh yen mbandhingake asile. Ana sing samadya nanging asile manjila, ana sing direwangi asuku janggut ateken jaja, ketemune kok panggah nelangsa. Kabeh-kabeh yen wis ngugemi takerane sing ngecet lombok, rak ora kudu bengak-bengok.

Aku pancen durung suwe, bukak warung angkringan kang dakrengga modhel kafe iki. Jroning etungan taun durung ngliwati cacahé driji tangan.

Kabeh lumaku kanthi wolak-waliking kahanan. Ya merga gurit-guritku iki kang asring dadi sega jangan obrolane kanca-kanca sinambi ngopi malah thukul gagasan gawe angkringan gurit. Siji loro para mitra padha nyengkuyung. Bangete kepengin dadi papan golek tamba wuyung marang sastra Jawa, nyatane “pasar” malah bisa nampa.

Ing angkringan gurit iki kabeh dakuja manut kareping nala. Kanggone sing kepengin sinau nggurit, dakcawisake papan ana perangan mburi. Papane dakwangun gubug prasaja. Kiwa tengene pasren lan pethetan. Ana blumbang cilik mawa pancuran. Rasane wis gawe adheming ati. Cukup. Urubing geni sastra Jawa lan uripku dhewe wis katon padhang. Sunare ora prelu mencorong, sing wigati gawe ati ajeg bombong. Melik-melik lan mobat-mabita kaya senthir katerak angin, nanging aja nganti sidhem. Ati lan pikiran tetep adhem.

Kanggone sing amung nguja kepengin andhok, kepengin icip-icip panganan desa dakpapanake ing perangan ngarep. Ana sing dakseja lesehean ing amben amba, ana sing ing lincak dawa, ana uga sarana meja lan dhingklik kang cukup kanggo wong loro. Lhah, iki mono warung, dudu angkringan.

Apa bedane? angkringan ya warung, warung iki dakentha mawa grobag angkringan nanging ana sajrone warung. Wis mangga sing arep ngarani. Bakune, saiki wong ora mung butuh wareg, nanging uga taneg anggone jejagongan. Saiki ana warung bisa dadi papan wigati kanggo apa bae. Rapat-rapat kantor, rembugan mirungan sinambi nguja boga, tekane nglaras rasa, lan ngresep sesawangan kang gawe adheme mripat lan nala. Mula kabeh kuwi dakentha dadi warung murah meriyah kaya ing ankringan, nanging tutug nguja kekarepan.

Ora maido. Ora dakselaki kaya ngapa rekasane wong usaha kepengin gawe uripe mukti. Jaman saiki jarene kudu kendel, kudu luwih wani perih lan nggetih. Kawita jaman mbah-mbah buyut biyen mesthi kaya ngono. Apa bedane. Wong-wong saiki bae sing ora ngrasakake rekasane jaman biyen. Jaman kudu rebut kamardikan, jaman durung ana sarana panyengkuyung kang gawe sarwa gampang, rak ya padha bae karo jaman saiki, mung beda carane.

Mukti kuwi sing diakrepake kepriye? Watese ya mung awake dhewe sing nggawe. Gito sing wis dianggep mukti kawit cilike, nyatane ora dawa umure.

Kanca-kanca sekolah biyen sing padha sregep sinaune ndilalah akeh sing kurang cukup muktine. Kosok balline, sing seneng njagakake garapan PR saka aku, malah luwih kecukupan. Lha, aku iki? Sing jarene dadi paran jujugan ya mung kaya iki. Lha arep kaya apa meneh aku dhewe ora ngerti, nyatane uripku ayem lan tentrem. Malah lumantar sastra Jawa, luwih bisa ngrasakake jembar ciyute tebane rasa. Sok kepara ngilani rasa kang dialami liyan ora liya kanggo ngukur, dudu kanggo nyingkur sarta ngundhakake rasa sokur.

Mula, embuh apik lan kurange kaya ngapa, gurit-gurit kang wing katulis, gilir gumanti dakpajang ana angkringan iki. Dimen diwaca, dimen dirasa, dimen dituku kanthi anthuking rasa. Gurit-gurit iki samengko gilir gumanti ngrenggani nut kasiling pasamuwan para mitra anggone lelumban ngurip-urip sastra Jawa. Jagading kalawarti wis embuh nasibe ing tembe mburi. Angkringan gurit iki sawetara bisa kanggo ngeyup saka panas lan udane kahanan.

Kanggo nuduhake labuh-labetku marang sastra Jawa, mula isih daksedhiyani papan mirunggan uga kanggo para mitra kang kepengin ada-ada acara gladhen nulis, bedhah karya, rembug sastra Jawa, nganti gedhene pentas maca gurit utawa cerkak bisa digelar ing angkringan iki. Siji loro ana sing nyatur menawa arepa kanca, wong iki warung ya kudu mbayar, aja mung “kojak” – teka njejak. Kabeh dakgawe prasaja, mula yen ana sing padha ninggali beya acara uga daktampa, nanging isih daksimpen, dakklumpukake, dakdhewekake, sewayah-wayah ana acara kang butuh wragat rada gedhe, dakdhudhah, dakpasrahake meneh amrih digunakake. Kabeh padha bisa nampa lan nelakake panuwune. Kabeh padha nglenggana, menawa sastra Jawa kudu diragadi.

“Pri, angkringanmu iki apike digedhekake, dimewahake sisan. Amrih bisa ngarah bathi luwih gedhe. Amrih tulisan-tulisanmu kuwi saya manjila. Bab ragad, aja kuwatir, aku sing nanggung. Pira butuhe kari muni, bisa dakcepaki. Pri, aku kepengin kanca-kanca sekolah barengane dhewe bisa mukti kaya aku. Klebu awakmu iki. Piye?”

Lha, rak tenan. Wong sing dakrani Gito iki wis pratela magita-gita. Cetha tanpa tedheng aling-aling. Mangka atiku mbiji liya, niyate dudu tetulung kanca, nanging etang-etung piye carane golek upa kanthi maeka kanca. Tembunge alus – *investasi* – kanggone dheweke bener. Kanggoku sing klenger. Lamun

dhuwit sing dibroke aku mengko bisa ngrembaka, yen ora, bisa-bisa ijole cilik raga kinunjara. Gedhene genah toh nyawa.

“Aja meneng bae Pri, ngugemi Jawa sing seneng samadya lan alon-alon waton kelakon kuwi marake ora oleh akeh, kepara ora umam. Meluwa panemune wong-wong manca, sejene *investasi* yen perlu *invansi*.” ngedab-edabi guneme.

Durung sida dakwangsuli malah wis disambung mawa tembung-tembung manca kang gawe bingung. Atiku tambah bisa ngukur jerone rasa adhem ayam ora mung sawates dhasare sumur. Nanging nalika daya kekuwataning angga wis nemokake rasa. Rasa kang ora kudu kemudu nggilyak lan nyandhak godha. Godhane pengangen-angen kang banget mencit, mangka pawitane ngoyak lan ngundha mung saiprit. Jroning ati dadi ngguyu. Ngguyu kang seru. Nanging mung esem lamis dakmemanis amrih ong ing ngarepku iki ora angluh, lamun apa kang dikojahake iku aku ora butuh.

“Lha awakmu iki critane arep investasi apa invansi?” cekak aos wangsulanku nuju punjering rembug. Aku ora kepengin ndedawa perkara.

“Ngene, sawetara wektu iki aku isih krasa cukup. Cukupe ya kaya sing koksawang iki. Cukup ana papane, ana tamu pelanggane, ana para mitra kang bawa rasa bab sastra Jawa. Aku cukup dadi wong Jawa. Bathi apa yen aku bisa kaya awakmu kang karoban bandha, nyatane awakmu malah bingung, katitik tetawa dhuwit marang aku. Piye, mukti aku apa awakmu yen kaya iki?” bacutku ora kalah pratela.

Wong kang dakarani Gito kurang trima, ora bisa nampa, eseme ngeyong kali, ngece. HP-ne kedher ing meja pratandha ana kang nelpon. Nomere katon, nanging tanpa aran. Tegese nomer iku dudu sapa-sapane. Gambar telpon werna abang nuli dipejet, tegese ora kepengin nanggapi. Ora let suwe, muni lan kedher meneh, dipateni meneh. Lungguhe dadi ora jenjem. Kopi kang dipesen mau mung diicipi sasruputan. Cangkir diglethakake. Dheweke nuli ngadeg kepengin pamit. Pamita, amung awew tandha, tembung ora jangkep tata susilaning tamu.

Wah, lha ing angkringan apa kudu mawa tata susila. Lumrahe lungguhe bae jegang, kecomak-kecamuk ngrahapi panganan. Ora, iki dudu pelanggan, cetha tamuku. Wong kang duwe karep sapatemon karo aku ngrembug urip lan panguripan. Sajake kaya

durung urip bae.

“Angkat tangan! Jangan bergerak!” prentahe pulisi cacah papat kang siyaga mawa pistol. Pangiraku banjur mlayu marang telpon kang mentas muni ngundang tamuku mau. Ya. Telpon kang muni kaping pindho mau mbokmenawa amung kanggo mesthekake yen tamuku iki ana papan kene. Nyatane amung etungan menit, sapengadeg arep pamit kok wis ana pulisi.

“Ngapurane mas, tamu sampeyan iki dadi buron. Dheweke bakal dijaluki katrangan bab patine pak Gito sawetara wektu kepungkur. Ana lapuran menawa patine pak Gito didhalangi Moko iki. Mula dakpikot nuli digawa ing kantor nganti tekane putusan sidhang mengkone.” Pulisi kang ora nganggo sragam dhines kuwi njlentrehake.

Aku bali ngembang duren, panyawangku kothong, satleraman gelas pecah lan kopi kang wutah mau nemu gathukane. Kanyata ana panduga patine Gito merga diperjaya. Mau pitakonku sebab lara apa kacilakan. Batangane kok loro-lorone. Gito mesthi lara merga cilaka saka tangane tamuku mau.

Ora etungan jam. Jagad pekabaran ing media rame saka berita kapikute Ratmoko ing sawijining angkringan gurit. Adhuh kok dadi kaya ngene lakone. Ratmoko kuwi sopire Gito kang ngarah bandhane. Sasuwene iki saliyane dadi sopir pribadi, uga pinercaya ngemonah usahane Gito. Dadi saperangan kasile njarah mau arep ditiptake aku. Dheweke ngerti dhataku mesthi saka critane Gito. Jabang bayi, slamet sega liwet durung sida putus rembuge, keselak tutug invasine. *)




Eko Wahyudi Merapi (@eko_wahyudi77)

Penulis antologi gurit *Prasasti* (2014) lan *Lathi* (2020) nate nerjemahake buku puisi *Sajadah Katulistiwa*, BBPJT (2021) lan menang Sayembara Cerkak Anak Balai Bahasa DIY (2022). Manggon lan dadi guru Basa Jawa ing Kebumen.

Bocah Jaman Lawas lan Dolanane

Dening: Ki Sudadi

Taun 1980-an lan sadurunge kahanan desa-desa ing Jawa Tengah isih dikebaki suwasana tetanen kang ayem tentrem. Sawah, tegal, lan kebonan isih jembar-jembar. Tetanduran ijo royo-royo. Wit-wit gedhe, gegrumbulan, lan suket maneka warna jenenge gampang diprangguli ing sadhengah papan. Saben esuk awan sore isih asring keprungu okeh-okehan lan swarane manuk kang mencok ing pang-pang wit gedhe. Para among tani tansah taberi ngolah sawah lan tegale. Mluku, nggaru, ndhaut, tandur, matun, ngrabuk, gepyok, lan ngerek pari dadi pakaryan kang ditindakake para tani kuwi. Bubar panen gabah dipepe ing latar sing jembar lan kudu ditunggu amrih ora dicekeri pitik.



Bocah-bocah sing urip ing desa jaman kuwi sregep ngrewangi wong tuwane makarya ing tegal lan sawah. Bocah cilik-cilik wis ajar macul. Pakaryan ing omah uga dirampung. Umume kulawarga tani padha ngingu wedhus, kebo, sapi, lan kewan iwen. Wanci esuk mesthi padha makani pitik utawa menthog. Wanci awan lan sore ngarit suket, damen, lan gegodhongan liyane kanggo pakan wedhus, kebo, utawa sapi. Menyang ngendi-endi papan bocah-bocah iku tansah mlaku. Nalika wis wiwit ana pit onthel, banjur padha nggenjot pit onthel.

Kandhang kewan kuwi nyawiji karo omahe sing duwe. Kandhang pitik adate nemplek omah utawa digawekake papan cilik sacedhake omah. Mligi kanggo kandhang kebo lan sapi akeh sing dipapanake ana ngarepan omah. Duwe kandhang kebo ana ngarep omah iku mujudake kemareman. Mambu lethong kebo, srinthil wedhus, lan telek pitik wis ora gumun maneh. Sing nggumunake kahanan kaya kuwi ora mahanani tekane maneka warna penyakit sing mbebayani kaya jaman saiki.

Ing sela-selane wektu mbiyantu wong tuwa lan golek pakan kewan ingon-ingon, bocah-bocah padha golek hiburan. Jaman kuwi lagi ana TVRI lan radhio siaran niaga. Ing desa-desa sing ana mung TV ireng putih. Sadesa mung ana siji utawa loro. Mula, yen arep nonton TV kudu mlumpuk ana papane wong sugih sing duwe TV kang adate dipapanake ing pendhapa. Yen ana siaran langsung tinju Muhammad Ali sekolahe prei jalaran muride padha nonton TV sing papane adoh saka sekolahan. Jaman kuwi durung ana listrik. Sumber arus TV dijupuk saka aki (*accu*), mula saben wektu sing duwe TV kudu nyetrumake aki iku ana kutha, diboncengake pit onthel utawa motor.

Acara TV sing padha ditunggu-tunggu yaiku pagelaran kethoprak ing TVRI Yogyakarta lan Surabaya. Angger ana acara kethoprak, wong sa-RT utawa malah sakampung padha mlumpuk ana pendhapanane wong sing duwe TV mung kepengin nonton bebarengan karo tangga lan kanca-kancane. Acara TV liyane yaiku ludruk lan lawak Srimulat saka TVRI Surabaya. Bocah cilik-cilik seneng nonton *Film Cerita Minggu Siang*. Film-film sing digandrungi bocah-bocah cilik yaiku *Little House On the Prairie* lan *Land of The Giant*.

Siyaran radhio uga akeh pandhemene. Siyaran wayang kulit sewengi nutug dirungokake sinambi

turu. Dhalang-dhalang kayata Ki Narto Sabdo lan Ki Anom Suroto asring dirungokake swarane saka radhio. Siyaran *Kethoprak Mataram Kodam Tujuh Diponegoro* kalebu siaran sing ditunggu-tunggu. Bocah-bocah padha apal lakon Manggala Yuda Sudira, Anglingdarma, Mahesa Jenar, Damarwulan, Harya Penangsang, Nyai Rara Kidul, lan sapiturute. Bintang kethoprak sing kondhang jenenge Widayat lan Marsidah, B.Sc. Swarane alus lan gendem gawe sengsem. Karana sengseme sing padha ngrungokne kethoprak iki malah ana sing nganti melu nangis-nangis nalika adegan ing lakon Sudira Papa. Ing lakon iku Sudira sing lagi nyambut gawe ing papane juragan kayu turu ana jrambah banjur diuncali kemul dening Lestari, anake juragan kayu kuwi. Bubar iku Lestari malah ditundhung minggat dening bapake. Rasane dadi nelangsa banget.

Liyane TV lan radhio, bocah-bocah uga padha dolanan karo kanca-kancane. Wanci purnama sidi bocah-bocah padha dolanan rame-rame ana njaban omah. Bocah lanang lan wadon dolanan bareng ora nuwuhake masalah. Dolanan jaman lawas iku akeh sing nggunakake tenaga kayata jethungan, dhelikan, jamuran, gobak sodor, cublak-cublak suweng, lan liya-liyane. Yen wanci awan, bocah-bocah lanang padha dolanan manut ungsume wektu kuwi. Dolanan pancen manut ungsume apa. Maneka warna dolanan ditindakake wiwit bedhil-bedhilan, benthik, ndhaskil (endhas sikil), umbul gambar wayang, dhaknang (sing cedhak menang), lan enthung.

Bocah-bocah sing mapan ing pinggire kali utawa bengawan padha seneng ciblon, langen, lan byur-byuran ana kali. Yen wanci rendheng padha mancing ing kali lan blumbang. Ana uga sing melu njala lan njaring iwak. Wanci nyedhaki ketiga banjur padha memet iwak. Kadhang-kadhang kali kena jenu. Iwake padha mumet muter-muter, terus dicidhuki nganggo serok. Wanci ganti mangsa adate padha melu nyuluh welut, jangkrik, uga manuk gemak. Kadhang uga ana sing padha pasang wuwu ing kali uga manjer pancing ing blumbang. Wanci esuk ditiliki. Asile banjur digoreng wanci esuk kanggo lawuh sarapan lan mangan awan.

Dolanan bocah uga werna-werna jinise. Ing antarane dolanan bocah sing isih lestari sarta dadi barang tinggalan yaiku egrang, kodhok-kodhokan, othok-othok, gangsingan, angkrok, lan sempritan

saka pring. Barang-barang dolanan iku dina iki wis langka, mula kudu disumurupi minangka warisan leluhur.

Egrang. Egrang iku jinise dolanan bocah sing digawe saka lonjoran pring sapasang. Dawane udakara 1,5 meter tekan 2 meter. Ing perangan ngisor egrang iki digawe pancatan saka pring kanggo mancik sikil. Cara nggunakake dolanan iki yaiku kanthi numpangake sikil loro kiwa tengen ing pancatan pring, terus mlaku nggunakake egrang iku kanthi ngangkat egrang kiwa tengen genti-genten. Egrang dudu dolanan sing gampang, awit mbutuhake keseimbangan. Yen durung trampil, sing numpak egrang mesthi tiba utawa ora bisa mlaku. Liyane keseimbangan awak, sing dolanan egrang uga kudu bisa ngangkat engrang genti-genten kanthi lincah.

Kodhok-kodhokan. Wayahe pengetan Sekaten ing Alun-Alun Lor Keraton Surakarta Hadiningrat mesthi akeh wong dodol kodhok-kodhokan. Adate kodhok-kodhokan didol bareng ing papane wong dodol celengan. Kodhok-kodhokan wujud pancen memper kodhok. Ana moncong ing pucuke lan diwenahi cet sing memper wujud kodhok. Ing ngisor kodhok-kodhokan iku ana bolongan bunder cilik sing asline kanggo mlebu metu hawa. Ing njerone bolongan iki ana jinise sempritan, mula yen kodhoke dipejet bola-bali bakal metu swarane kayadene swarane kodhok pating theot. Wanci bubar Maghrib ngunekake kodhok-kodhokan pating theot keprungu kaya swara kodhok temenan. Swara mau bisa saut-sautan karo swarane kodhok-kodhokan kang ana ing omahe tanggane.

Othok-othok. Diarani othok-othok karana dolanan iki pancen ngasilake swara 'othok-othok'. Swara mau dumadi saka perangan dolanan sing digawe saka potongan pring sing ditutup kerdhus kandel. Ana alat pukul sing bakal ngantem bunderan pring sing ditutup kerdhus kandel kuwi kanthi otomatis nalika onthok-othok kuwi diubengake. Mangkana sateruse. Tambah banter anggone ngubengake othok-othok, swara sing keprungu uga tambah kerep lan banter. Sing dolanan nyawang ubenge othok-othok sinambi ngrungkokake swarane sing muncul kuwi.

Gangsingan. Dolanan iki wis ora asing maneh jalaran isih akeh ditemokane ing padinan. Wujud potongan pring cendhak sing ana potongane pring tembus ngisor ndhuwur. Kanthi nggunakake tali sing

diukel-ukel ing potongan kayu mau, gangsingan bisa diputer mubeng sawise diculake. Gangsingan sing mubeng seser iku banjur padha ditonton bareng. Swarane klebu narik kawigatene bocah-bocah sing lagi dolanan. Kajaba iku, gangsingan uga bisa diadu bareng karo kancane.

Angkrok. Angkrok iku wujud kaya wayang kerdhus sing diwenahi rerangken tali. Mula, nalika digeret taline, tangan, sikil, lan sirahe angkrok iku bisa obah-obah kayadene urip. Angkrok digawe wewujudan sing lucu kanggo narik kawigatene sing nonton. Nyawang angkrok sing kayadene urip banjur padha ngguyu kepingkel-pingkel. Apamaneh yen sing nglakokake angkrok iku pinter gawe ukara.

Sempritan saka pring. Sempritan bisa digawe saka gegodhongan, nanging uga bisa nggunakake pucuk pring sing ukurane cilik-cilik. Kanthi nggunakake lonjoran pring cilik sing dilebokake ing bolongan kuwi, kanthi disebul lan ditarik munggah mudhun bakal ngasilake swara. Swara sing diasilake bisa diolah mula bisa memper swarane manuk. Tumrape wong-wong sing wis pinter dolanan, sempritan saka pring iki pancen bisa ngasilake swara manuk sing maneka warna. Nanging mesthi wae ora gampang gawe swara kaya kuwi. Yen kepengin mangkono kudu gladhen luwih dhisik.

Dolanan bocah jaman biyen pancen sarwa prasaja. Ora butuh wragad larang. Kajaba kuwi, dolanan mangkono uga ngajari srawung marang kanca. Akeh-akehe dolanan kuwi nggunakake ketrampilan tangan, lan dienggo bareng-bareng. Saperangan saka dolanan iku isih bisa diprangguli ing dalan mlebu Keraton Kasunanan Surakarta. Saka arah Alun-Alun Lor sawise ngliwati Bangsal Pagelaran lan dalan Supit Urang banjur menggok ngiwa. Ing kono akeh wong dodolan maneka warna dolanan bocah jaman lawas. Regane ora larang lan tetep narik kawigaten. Kanggo nepungake dolanan lawas lan nglestarekake tinggalane para leluhur, becik banget yen gelem nyimpen dolanan-dolanan kuwi. Dolanan bocah pancen klebu kaskayaning budayane wong Jawa. Mula, eman-eman yen banjur ilang tanpa lari.

Ki Sudadi, Penulis Sastra lan Budaya, Kepala SMP Negeri 4 Wadaslintang, Wonosobo; Wadaslintang RT 03 RW 02 Wadaslintang, Wonosobo, Jawa Tengah 56365;

Pandemi

Dening: Danika Nurhayati

Gusti...
Punapa salah kula niki?
Nyawang kahanan sing ora nentremi
Golek sandhang pangan ra bisa merga anane pandemi

Dhuh Gusti...
Ati kula kejerit merga kahanan kang saya nylekit
Sanak kadang sing padha kejaring penyakit
Yaiku penyakit covid

Namung setunggal panyuwun kula
Mugi-mugi corona iki ndang lunga
Supados anggen kula ngibadah bisa tambah berkah
Lan bisa golek sandhang pangan kanthi bungah

Danika Nurhayati,
siswa SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul

Pahlawan

Dening: Assyifa Nurul Hasanah

Sliramu dadi kusumaning bangsa
Jenengmu dieling marang jalma manungsa
Pengorbananmu kanthi jiwa lan raga
Kanggo nggenepi bangsa kang mardika

Rina lan wengi nantang pati
Nglurug bala tanpa wedi
Kanggo bangsa sing ditresnani
Kanthi ikhlas tulusing ati

Semangatmu kanggo nggayuh kamardikan
Ibarat Anoman mbrastha kanisthan
Gugur dadi pahlawan kamardikan
Netepi janji perjuangan

Assyifa Nurul Hasanah,
siswa SMAN 1 Wonosari Gunungkidul

Sirnaning Jaman

Dening: Danika Nurhayati

Kae Ngger, sawangen,
Bocah bocah wis ra ana rasa
welas marang tiyang sepuh
Ra ana tata krama lan sopan
santun
Gawe bumi iki saya mungkur

Kae lho Ngger, sawangen,
Wong cilik mung bisa ngarep
welas asihe wong gedhe
Ananging wong gedhe mung
sapenake dewe
Dhuwit rakyat sing dikorupsi
mung dijarke

Kae Ngger, sawangen,
Lemah kang biyen ditanduri
gabah
Saiki malih dadi gedhung-
gedhung mewah
Dalan kang biyen bebas dakliwati
Saiki malih wajib bayar yen arep
ngliwati

Ngger,
Siji panyuwunku
Sinawa kanthi ikhlas lan tuhu
Supaya ilmumu bisa gawe pulih
jamanmu
Aja lali marang Gusti lan wong
tuwamu
Merga donga wong tuwa sing
bisa nyukseske awakmu

Danika Nurhayati,
siswa SMAN 1 Wonosari,
Gunungkidul

Godhong-Godhong Dersana



Dening: Elisa D.S.

Minggu sore, layar kaca ing ndhuwur bufet nayangake film kartun kucing lan tikus sing senengane padu. Biyasane, Faiha mesthi kemekelen yen ndeleng tontonan favorite kasebut. Nanging, saiki praupane ora beda karo blimbing wuluh. Kecut.

Faiha mbesengut nyawang jendhela kaca ing sandhing tivi. Katon godhong-godhong gogrog saka wit jambu dersana. Pancene seminggunan iki angin tumiyup banter.

Wit sing gedhe dhuwur lan godhonge ngrembuyung kuwi kagungane Budhe Nana, tangga sisih tengene Faiha. Yen wayahe ngembang, latare Faiha lan Budhe Nana wernane malih kapuranta, kebak kembang sing wujud kaya dom jait.

Budhe Nana kalebu pawongan sing seneng awèh pitulungan marang liyan. Yuswane undha-undhi karo bapak. Tangga sing kaya sedulur raket karo kulawargane Faiha kasebut ora kagungan putra. Dene garwane sing dadi dhokter wis kapundhut, kena virus Covid-19 setaun kepungkur.

Telung dina iki Budhe Nana, sing profesine uga

dhokter, mundhut cuti lan tindak menyang Semarang saperlu nyambangi bapake. Ibu sing ditipti daleme maringi tugas marang Faiha supaya nyaponi latare saben dina.

Kurang luwih rong puluh menitan, kahanan wis normal maneh. Angin banter marakake pang cilik-cilik, godhong, uga dersana-dersana sing isih enom semburat ngebaki latar.

“Ndhuk, angine wis leren. Latare ndang disapu.” Ibu nyedhaki Faiha sinambi ngasta piring isi gedhang goreng.

Faiha ora kumecap. Tangane gage-gage njupuk jajan senengane kuwi.

“Adhuh, panas!”

“Ya, isih panas, ta. Wong pancen bar dientas saka wajan.”

Faiha mringis sinambi nyebuli driji.

“Mangkane, tinggalen nyapu dhisik. Mengko bar nyapu, gedhange mesthi wis adhem. Aja lali nganggo masker ben ora watuk. Lebune akeh.”

Bocah manis kuwi njupuk masker kanthi aras-arsen, banjur mbukak lawang mburi. Let sedhela, dheweke wis gumbul karo reregedan ing latar.

Faiha ngusap kringet sing nelesi bathuk, banjur nyelehke dersana gogrog sing isih apik ing ember. Sapa wae diparengake budhe menawa arep njupuk gogrogan kasebut.

Let sedhela, bocah kunci siji kuwi ngringkesi sapu lan cikrak. Faiha mesem nyawang latar sing wis resik. Dheweke ndonga sajroning ati supaya angin banter ora tumiyup maneh.

Sawise wijik nganggo sabun, Faiha gage-gage njupuk gedhang goreng, banjur ndhusel ing sisihe ibu sing saweg maos majalah. Bener dhawuhe ibu maeng, gedhang gorenge saiki wis adhem.

“Wit dersana niku kok mboten ditegor kaliyan budhe, ta, Bu? Wong sampun inggil sanget.” Faiha ngelapi tangane kanthi mecucu.

“Wah, aja. Wite ngrejekeni. Ibu sing ora melu nduweni wae eman banget yen wit kuwi ditegor. Apa maneh, dersana saiki kalebu woh-wohan langka. Ing desane awake dhewe iki, mung budhe sing kagungan wit dersana.”

Faiha manthuk-manthuk. Pancene, wit dersana kagugane budhe kasebut wohe akeh banget. Yen wayahe nguwoh, ngundhuh sepisan bisa entuk pirangane glangsing. Saben kulawarga ing kampunge

Faiha mesthi kebagiyan. Biyasane, Faiha diutus ibu supaya ngrewangi Budhe Nana mbagekake dersana. Sisane kuwi banjur didol. Akeh bakul asring marani daleme budhe saperlu nukoni dersana.

Sakjane, Faiha dhewe seneng banget mangan dersana. Wohe yen wis mateng wernane wungu ireng, daginge putih kandel, wijine mung siji, dene rasane, jiaan ... legi banget tur seger. Nanging, dheweke rumangsa pegel yen bola-bali ngresiki latar, apa maneh ngepasi wayahe angin banter kaya maeng.

“Ngapa ... kok, ujug-ujug takon kaya ngono? Mesthi kowe aras-arasen yen bola-bali nyaponi latar, ya?”

Praupane Faiha malih abang amarga kisinin. “Hehee ...”

Ibu ndherek nggugeng. “Yen kowe pegel ngresiki latare budhe, coba eling-eling. Sapa sing njaga kowe wektu ibu lan bapak tindak umroh telung taun kepungkur?”

Faiha isih eling banget. Wektu kuwi, Budhe Nana sengaja mundhut cuti supaya bisa antar jemput deweke sekolah lan ngancani ing omah, amarga mbah kakung uga mbah putri saka pihak ibu lan bapak wis suwe anggone seda, dene ibu lan bapak padha-padha ontang-anting, ora duwe dulur kandhung.

“Budhe Nana, Bu,” saute lirih.

“Nah, anggep wae, kowe nyaponi latar kanggo mbales budi. Apa maneh, awake dhewe diparengake budhe menawa ngarepke dersana, kapan wae bisa langsung ngundhuh. Durung maneh, yen kondur saka tindak *luar kota*, Budhe Nana mesthi maringi kowe oleh-oleh, kayata rok bathikmu iki.”

Faiha ndhingkluk nyawang klambine. Dheweke lagi kelingan, saliyane kuwi, Budhe Nana uga nate maringi boneka kelinci, sandhal wulu sing lucu, uga piyama. Kuwi kabeh durung kalebu oleh-oleh arupa jajan klethikan lan buwah-buwahan.

Faiha rumangsa isin banget. Wiwit saiki, deweke janji sajroning ati, arep ngresiki latare Budhe Nana kanthi ikhlas.

Elisa D.S. utawa asma jangepe Elisa Dwi Susanti lenggah ana ing Jalan Denpasar 20, Perumahan Gresik Kota Baru (GKB), RT 9 RW 10, Yosowilangun–Manyar, Gresik–Jawa Timur 61151. Wis nulis pirang-pirang crita kanggo bocah ing basa Jawa apadene basa Indonesia.



Tatu-Tatu Lawas: Dongeng Mistis tekan Korban Politik

Dening: Budi Wahyono

Irah-irahan	: Tatu Tatu Lawas (Kumpulan Crita Cekak)
Panganggit	: Parpal Poerwanto, lan kanca-kanca
Pambabar	: Triken Publisher, Wonogiri
Taun terbit	: 2020
Cacahing kaca	: vi + 189 kaca
ISBN	: 978-602-1182-86-4

Kumpulan cerkak ana ing buku *Tatu-Tatu Lawas* iki nggodha kanggo dirembug. Buku iki ngemot crita cekak gunggung ana nembelas. Ana loro kang nganggo irah-irahan basa Indonesia, yaiku “Manisnya Kopi Ada pada Pahitnya” dening Arih Numboro lan “Ayam Panggang Satu Hati” karyane Eko Wahyudi Merapi. Tujune wae judhul sing nggregetake iki ora dadi irah-irahaning buku. Yen mangkono lak dikira buku basa Indonesia.

Cerkak sing nganggo paraga lan *setting* mistis ana ing buku iki sajake wis kepetung arang. Bisa wae kuwi amerga sawetara majalah wis nduweni rubrik crita sing gegayutan karo setan. Salah siji cerkak kang gegayutan karo mistis, yaiku “Dhayoh Saka Bugis” karyane Poncowae Lou. Pengarang iki awèh pengalaman anyar ing babagan donya mistis. Kebeneran dheweke milih paraga Mas Jo sing rumangsa nduweni indra kaping enem. Dadi rumangsa nduweni sikap luwih tinimbang liyan. Sabanjure, kahanan mau terus-terusan entuk kritik saka adhine sing luwih mumpuni malah nangkep glibete arwah lan setan. Swara-swara sing gawe geter awak, sing sadurunge dianggep arwah, jebul mung setan sing nggodha mencoki. Apa maneh *setting* cerkak iki diobori karo panggonan-panggonan sing wingit, ndadekake bangunan cerkak dadi utuh. Saumpama konflik batin iki diolah luwih ombèr lan kenthel, awake dhewe bisa duwe pengarep-arep bakal dadi dongeng sing manjila.

Ana cerkak kang ngandhakake kahanan politik. Kuwi bisa diwaca ing “Tatu Lawas”. Cerkak mau nyritakake Anggoro lan Marjito rebutan Wuranti. Wuranti sing luwih kepincut karo Anggoro, ndadekake Marjito rumangsa kalah. Amarga bapaké nduweni pangkat kepala desa,

satengah Anggoro dijiret nganggo tuduhan sing keji. Anggoro dituduh wong PKI. Sapa sing kena cap PKI bakal dadi korban sing kudu dibuwang. Klebu Anggoro, banjur dibuwang menyang pulo wewengkon Cilacap, Nusakambangan. Nanging jebul ing pungkasaning crita, Anggoro lan Marjito malah padha-padha dadi tahanan ing kono. Malah loro-lorone kepengin netep ana pulo kuwi. Kelincahane Parpal Poerwanto, minangka panganggit cerkak kang kebak pengalaman, mesthi cukup gampang yen mung ngenggokake crita.

Alur sing Ngagetake

Sajake ora mung nadhahi luh, utawa keprungu getere dhadha, lan nandhang nelangsa kang ana sajeroning crita sing kapacak ing buku iki. Cerkake Pramita Endah kang asesirah “Teguh Prasapa”, apa dene “Dina Kamardikan” duweke Putri Bungsu bisa kanggo conto. Cerkak Pramita nggambarake sawijining bukti kasetyane wong lanang kang gelem nampa wong wadon sing kebeneran dadi korbaning jaman. Beda maneh karo cerkake Putri. Cerkak kuwi awèh sindhiran anane sosok guru galak sing kurang menehi pangerten marang kahanan ekonomi salah sijine muride. Emane muride mau banjur kunduran truk merga ngrewangi ibune anggane bakulan. Cerkak iki awèh dudutan penting menawa guru kudu luwih ngasah atine ing babagan sosial.

Jujur, cerkak sing jumlahe lumayan akeh mau bisa kanggo nyiram kebutuhan batin para maos. Mbutuhake semangat literasi sing ora baen-baen lan perlu mbaleni maca merga rata-rata pengarang wis kampion ngrakit crita.



Pesta Demokrasi Padha Karo **Udan Dhuwit?**

Dening: Siti Siamah

Kanggone kawula cilik, pesta demokrasi kaya Pileg, Pilpres, Pilkada, lan Pilkadaes dianggep minangka wayah udan dhuwit. Tegese, warga sing nduweni hak pilih menawa bakal nampa dhuwit akeh.

Kok bisa ngono? Lha bisa bae ta, saupama kabeh calon padha nyebar dhuwit. Saupama saben-saben caleg nyebar dhuwit satus ewu, mangka yen cacache nganti tikel sepuluh bakal nampa dhuwit sayuta. Lumayan bisa kanggo nempur karo blanja janganan lan lawuhan sewulan.

Kaya mangkono kuwi sing diangen-angen dening rakyat cilik nalika jagongan ngrembug *pesta demokrasi*. Jagongan kaya mengkono kuwi wis dianggep lumrah ing plosok-plosok kampung. Saya akeh rakyat sing padha ngarep-arep udan dhuwit.

Sajroning guneman prekara udan dhuwit banjur padha ngantu-antu yen kabeh calon sing wis cetha sugihe bakal dundum dhuwit mberah. Lha sapa sing dianggep calon sing paling sugih? Ora liya calon sing wis tau menang.

Tandha-tandhane sugih uga wis cetha welawela. Contone, wis padha masang gambar gedhegedhenan ing panggonan-panggonan kang bisa disawang dening wong mberah.

Ewadene calon-calon liyane menawa wae uga sugih nanging tetep kalah bala karo sing sugih-sugih. Mula, wis lumrah yen gambar sing dipasang mung cilik-cilik tur ora mberah. Nanging senjata ngono aja dianggep remeh. Jalaran rakyat bisa uga malah gelem milih, murih ngarep-arep bakal ana owah-owahan sing luwih becik kanggo bangsa lan negara.

Rakyat menawa isih kelingan marang Pak Jokowi nalikane biyen nyalon gubernur Jakarta. Pak Jokowi malah ora gelem masang gambar murih ora ngrusak kaendahane kahanan. Lha jebule Pak Jokowi sing menang jalaran luwih mberah rakyat Jakarta sing pancen kepengin ana owah-owahan sing luwih apik.

Semono uga Pak Jokowi jarene ora dundum dhuwit, nanging jebule uga bisa menang. Ing prekara iki, rakyat Jakarta menawa bae wis ora bisa kesengsem apa maneh ngarep-arep udan dhuwit nalika arep milih pemimpin.

Utawa bisa uga rakyat Jakarta malah wis risi marang udan dhuwit sing presasat kasebut dhuwit panas. Ewadene dhuwit panas jarene ora bakal bisa gawe becik. Suwalike, malah bisa dadi memala lan cilaka.

Contone, yen rakyat wis kesengsem lan ngarep-arep udan dhuwit, bisa bae ora ngreti yen bakal kleru milih pemimpin. Kaya unen-unen, Yen wis mata dhuwiten mangka mripat bisa cadhok utawa ora bisa cetha nyawang kasunyatan. Sing ala ora cetha alane. Sing apik ora cetha apike.

Mula saka kuwi, wis wayahe rakyat uga ora bisa maneh kesengsem lan ngarep-arep udan dhuwit. Wis ora wayahe mata dhuwiten sajroning prekara milih pemimpin.

Ewadene pemimpin sing becik ora kudu sugih nanging wasis tur becik sakabehe tumindake. Yen mung sugih nanging ora becik tumindake bakal gawe sengsarane rakyat.

Ana unen-unen sing prelu dadi kawigaten. Yen ana calon sing nyebar dhuwit akeh kuwi kaya dene wong tani sing nyebar winih akeh, bakal ngarep-arep panen sing akeh. Tegese, yen calon pemimpin wis kelangan dhuwit akeh mangka bakal kepengin ngrakup dhuwit sing saakeh-akehe nalika wis kapilih dening rakyat. Mula, yen korupsi saprene dianggep saya ndadra kuwi minangka jalaran saka udan dhuwit nalika arep ana pemilihan pemimpin utawa milih wakile.

Mumpung durung kelakon, wiwit saiki rakyat becike gelem milang-miling nalika arep milih pemimpin lan wakile. Aja nganti kesengsem utawa ngarep-arep ana udan dhuwit murih ora mata dhuwiten.

Semono uga, kabeh calon pemimpin lan calon wakil rakyat becike ora susah padha akeh-akehan nyebar dhuwit. Malah yen prelu kabeh calon padha sepakat ora bakal nyebar dhuwit, satemah yen mengko jebule isih ana sing nyebar dhuwit dianggep dudu karepe calon nanging karepe wong liya sing arep gawe rusake bangsa lan negara. Dene, wong liya kuwi bisa uga botoh-botoh sing senengane totohan utawa sing karepe mung menang lan bisa ngrakup dhuwit saakeh-akehe tanpa preduli ana pihak sing kasor lan bangkrut.

Pancen prelu dadi kawigaten, saben-saben ana pemilihan pemimpin, wiwit pemilihan kades tekan pemimpihan presiden, tansah akeh botoh sing padha totohan dhuwit. Malah uga ana botoh sing padha totohan mobil mewah. Yen cacache botoh pancen akeh, bisa bae padha nyebar dhuwit murih calon sing dadi jagone bisa menang.

Cekak aose, kabeh pihak wis wayahe padha eling marang paugeran: yen nyebar dhuwit lan nampa dhuwit panas wis cetha yen karam. Mula, aja nganti kelakon apa maneh dianggep dadi tradhisi demokrasi ing Indonesia sing presasat wargane padha temen-temen anggone nyekel paugeran. Aja nganti swarane rakyat kaya barang sing bisa didol-tinuku. Awit, swarane rakyat kuwi presasat swarane Gusti Kang Kuwasa. Tegese, yen swarane rakyat wis diwenehake marang calon pemimpin mangka banjur bisa dadi panguwasa.***



Nyebar Wiji Sastra Jawa Lantaran Jagad Maya

Dening: Prapti Ciprut

“Angel”!

Tembung cekak kiye sering dadi pepalang, kanggone menungsa angger garep nglakoni polah apa baen. Klebu angger arep mujudna niatan ngasilna tulisan. Sing demaksud nang kene, yakuwe tulisan sing ngemu teges kasil sekang pakulinan nulis. Mbuh sing wujud ilmiah, sastra, utawa tulisan liya sing dadi kasil karya nulis. Angger tembung “angel” wis nggembok utek, temtu kepenginan ngasilna karya tulisan wis ora bakal kesembadan. Merga, awak pribadi wis kebacut kalah lan dekalahna neng bodhone dhewek. Kanyatan menungsa ora bisa ngasilna karya tulisan merga niate diputhes neng tembung “angel” sekang awake dhewek, ora mung siji loro. Ningane pirang-pirang.

Kanyatan kuwe, dadi salah siji sabab-musabab egin langkane karya tulis wujud ilmiah lan sastra basa Jawa. Langka neng kene, temtu angger debandhingna karo karya sing detulis nganggo basa Indonesia.

Sastra Jawa, kaya dene cerkak, cerbung, geguritan, cangkriman, wangsalan, parikan lan liya-liyane, sikine egin prelu diropea maning, men ngrembaka. Komunitas sastrawan Jawa bisa baen dedhapuk nggo palagan andum kawruh lan srana komunikasi antar-sutresna basa lan sastra Jawa. Jagad maya sing siki lewih nguwasani alam tenimbang jagad nyata, kena nggo demanpangatna, mligine nggo nyambung sawung ntarane pandhemen sastra Jawa.

Najan sawung lumantar jagad maya, ningane bisa nggo ngerteni jati dhiri lan ciri-wanci saben kanca maya. Contone, lantaran *Facebook (FB)* inyong

teyeng kekancan karo ilmuwan uga sastrawan Jawa kaya dene Kang Jefri, Kang Wanto Tirta, Ibu Ucik Fuadiyah, Kang Eko Wahyudi, Ki Sudadi, Pak Trimo Legowo, Pak Triman Laksana, Pak Tukijo, Kang Agustav Triono, Mbak Rini, Kang Bador, lan liya-liyane. Najan mung dadi kanca maya, ning nggawa paedah nyata.

Sekang unggahan kegiatan-kegiyatane kanca maya, awak dhewek dadi ngerti karya lan unsur piwulang saben karyane kanca. Sekang kuwe, bakal ngimbuhi wawasan gaya panulisan sastra Jawa. Kejaba kuwe, sekang dhokumen prestasi sing diunggah kanca maya, uga dadi daya surung kanggo nyipta karya sing unggul. Tembung gampangane, ya, sekang prestasine kanca maya dadi daya motivasi sing banget gedhe.

Kanca maya para pandhemen jagad sastra lan basa Jawa dadi guru sekolah, tanpa kudu manggon neng ruwang kelas. Kiye nyenengna. Angger mung delakoni biasa, pancen kayong tanpa guna man-pangat, ning angger depetani kanthi tlesih, pancen kanca maya jane kanca benggala karya. Kaca benggala kepriwe? Ya, umpama sekang karyane Ibu Ucik, awak dhewek bisa ngangsu gaya ngelmu basa uga sastrane sing nyentrik (simplen ning ngamot makna dhuwur). Sekang unggahan Ki Sudadi, dhewek bisa nyekseni karya-karya basa Jawane sing tansah dadi prestasi. Sekang cara nyetatus kang Jefri nang Jagad maya, dhewek bisa mudheng sapa sejatine Kang Jefri sing keton prasaja ning kebek kawruh kanggo makarya neng jagad basa lan sastra Jawa. Sekang unggahan karya lan kegiyatane Kang Wanto Tirta, Bapak Trimo Legowo, Mbak Rini, Kang Eko Wahyudi, lan tokoh basa lan sastra Jawa liya-liyane, awak kiye dadi ngerti profil kreatif lan inovatif piyayi-piyayi kuwe.

Owah-gingsir jaman, pancen ora bisa debendhung. Ningane dhewek kudu teyeng njukut aji saben mangsane. Klebu njukut aji mampangat sekang gemebyare jagad maya neng jaman sekiye. Angger ora kaya kuwe, penguripan menungsa bisa baen muspra, merga lena mung kebacut ngubah-ubah wektune lewih akeh neng jagad maya.

Kabeh *perkembangan* pola urip prelu kawigaten sing wicaksana. Majune jaman lan teknologi kudu deupaya men ora ndadekna jati dhiri budaya Jawa ilang, kendhang kegawa arus tatanan penguripan.

Basa Jawa sing dadi srana komuikasi, salah sijine lantaran sastra, kudu tetep deupakara. Men tetep trubus ngrembaka. Lemu uripe lan aweh wiji piweling sing kebek paedah kanggo kawruh urip.

Lantaran cuwilan-cuwilan karya sastra sing pating sliwer neng setatus jagad maya, kena nggo nukulna cikal bakal sastrawan mumpuni. Sing baku, kudu ana rasa lila legawa kanggone sepadha-padha nampa kritik saran najan neng jagad maya. Angger rasa lila legawa wis nglandhesi pesrawungan, mesthi selot-suwe bakal ndadekna *sistem kritik sastra* sing nglegena (*terbuka*). Saengga, mburi-kerine ana kasil sing detampa nyata, najan asal-muasale sekang pesrawungan jagad maya.

Gathuk neng jagad nyata, tetep penting lan prelu deupayakna kanggone kanca jagad maya. Kenangapa? Supaya remakete daya handarbeni maring ancas mbangun sastra Jawa lewih teguh. Angger tekad kanggo mbangun pondhasi uripe sastra Jawa kuwat, bisa deyakini, basa sastra lan budaya Jawa tetep rumasuk dadi jiwa lan jati dhirine masarakat Jawa lantaran para pujangga.

Sekang tulisan sing isine untaban rasa kiye, muga bakal ana suh sing bisa nggo dedudut manpangate. Nggo de-eningna cipta dhewek-dhewek. Men supaya nukulna oyod anyar sing bakal neguhna lajer pokok uripe sastra lan jiwa sastrawan Jawa. Awak kiye njaluk idin aseng, kanggone sapa baen sing egin duwe rasa seneng maring basa lan sastra Jawa, gageyan deimbuhi tresnane. Mayuh, dewanekna nyambung kekancan seakeh-akehe karo sapa baen sing duwe dhemenan padha, najan mung lantaran jagad maya. Ngulinakna nyetatus nang Jagad maya nganggo basa Jawa, uga bisa nggo lantaran nguripna greget lan daya anyar dhemen maring basa Jawa. Nyetatus wujud sastra Jawa najan mung sekecap rong kecap, mesthi uga kena nggo nyebar wiji bibit thukule sastra Jawa. Mayuh sedulur, bareng-bareng ngupayani. Muga kesembadan teyeng. Tembung “angel” sing sering mampir nang utek, kudu dekalahna neng awak dhewek kanggo menange awak dhewek. Kelilan. Prapti Ciprut.

Prapti Ciprut_Banyumas, Penerima Penghargaan Prasidatama Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah 2022 minangka Nomine Kategori Cerpen Berbahasa Jawa Terbaik.

Budaya Dhigital

Dening: Keliek SW

Sinom

/1/

Menangi ajuning jaman,
Nyata canggih teknologi,
Donya kaya ing gegeman,
Mula dadi tandha yekti,
Alat komunikasi,
Mratah nganti tekan dhusun,
Arane telpun genggam,
Piranti wekdal puniki,
Kabeh duwe sugih-miskin enom-tuwa.


/2/

Tekane budaya anyar,
Sapa sing bisa nyelaki,
Karan budaya dhigital,
Yekti unggul migunani,
Telpun genggam android,
Prakteke mung kari ndudul,
Pamer photo dagang bisa,
Gelis yen nyebar promosi,
Ndalem negri nganti tekan njaban rangkah.

/3/

Telpun android wus njilma,
Wujud budaya sayekti,
Dadi medhia sosial,
Nanging uga nyumelangi,
Yen kurang ngati-ati,
Tembene bisa ketlikung,
Kapusan lan kelangan,
Awit lena nahan dhiri,
Mula kudu tansah eling lan waspada.

Nganjuk, September 2023



BIODATA PENULIS



Keliek SW lair ing Wonogiri taun 1964, saiki dedunung ana tlatah Nganjuk. Wiwit seneng nulis nalika kelas 3 SMP (1979). Kejaba ngripta tembang macapat uga nulis geguritan, crita cekak, crita rakyat, crita wayang, novel, lan esai ngenani kasusastran.

Tirta Pawitra Mahening Suci



Sawise nyemplung ing samodra, Raden Bimasena cinegat naga gedhe

Dening: Ki Sudadi

Raden Bratasena ya Sang Bimasena lagya sowan ana ngarsane Dhanghyang Durna ing Pertapan Sokalima. Manut titi mangsa kang piniji dina iku Sang Guru Durna bakal medhar piwulang luhung. Wus sawetara suwe Satriya Panenggak Pandhawa iku ngenteni wektu kang dijanjekake dening Sang Guru. Wus kelakon Sang Bimasena ngadhep Guru Durna.

“Oh lole lole kenthos waluh gembor monyor monyor. Dhukneng dhungkul wana dadi alas alas dadi wana. Howeloh howeloh. Anakku ngger, ana wigati apa dene kowe sowan ing Pertapan Sokalima kene? Gawe kaget penggalihe bapa gurumu iki,” pandangune Guru Durna.

“Durna Bapakku? Apa Bapa Durna lali? Dene Bapa Durna tau dhawuh marang aku supaya dina iki ngadhep ana ngarsane Bapa Durna. Jare arep ana wejangan ngelmu.”

“Ngene ya Ngger, marga akeh pakaryane pun bapa nganti katalumpen marang janjiku dhewe marang kowe siswaku, Bimasena.”

“Bapa Guru, wis suwe aku gandrung mring kawruh kasampurnan. Kawruh manunggal. Suruping pati, sastra cetha paripurneng wangsit. Sastra jendra hayuningrat pangruwating diyu. Mula dina iki Bapa

Durna dakjaluk kersa paring wejangan kabeh ngelmu kuwi.”

“Oh lole lole kenthos waluh gembor monyor monyor. Dhukneng dhungkul wana dadi alas alas dadi wana. Howeloh howeloh. Kowe dakjarwani ya Ngger, kang mbokjaluk iku dudu ngelmu lumrah. Dalane rumpil lan mbebayani. Ora saben wong kuwat kapanggonan ngelmu kuwi.”

“Tegese piye?”

“Ngelmu iku bakal dakparingake. Ning ana syarate kang kudu mbokaturake.”

“Aku saguh mujudi. Syarate apa?”

“Kowe kudu bisa mujudake kayu gung susuhing angin. Papane ing Gunung Candramuka ing Alas Tebrasara. Ing kono ana guwa Sigrangga. Kayu gung susuhing angin iku aneng guwa Sigrangga kuwi.”

“Yoh...aku njaluk pamit bakal ngupadi syarat srana kuwi. Dakjaluk bisa kasembadan.”

Sang Bratasena sigra budhal tumuju ing Guwa Sigrangga ing perenging Gunung Candramuka. Ginelak lakune Sang Bimasena. Lakune lir katiyupe angin. Ora antara suwe lakune wus prapteng Alas Tebrasara. Diupadi ing ngendi dununge Guwa Sigrangga nanging durung ketemu. Watu-watu ageng dibrengkali. Pang-pang wit-witan gedhe densesmpal-sempal. Sedyane ati mung sawiji ngupadi Guwa



Sang Bimasena nyembah marang Dewa Ruci

Sigrangga papane kayu gung susuhung angin.

Durung ketemu kang denupadi kedadak tekane raseksa loro kang nunggu Alas Tebrasara. Raseksa kembar iku peparabe Rukmakala lan Rukmuka. Wis sawetara wektu ora entuk memangsane, raseksa loro iku ngrasakake ngelih. Nalika nyumurupi ana satriya bagus kang gawe rusak papan kono, kekarone rumangsa entuk mangsa. Bimasena bakal diprawasa, nanging ora gampang. Sing diprawasa bangga sakala dumadi pancakara.

Dikrubut buta cacah loro, Sang Bimasena tan gigrig. Raseksa iku denadhepi kanthi kekendelane. Saben tinubruk endha. Saben cinokot denkipatake. Suwe kang padha bandayuda nganti alas kono bosah-baseh. Rukmakala lan Rukmuka nyerang bebarengan saka arah kiwa lan tengen. Mulat Sang Bimasena sigra nyaut rambute raseksa loro kuwi. Rambut denjambak, sirahe diedu kumba sakala pecah sirahe. Raseksa loro iku gumlethak tanpa nyawa. Sing nggumunake nalika

Bimasena kedhep, kuwandhane raseksa loro iku wis ilang saka pandulu. Katon rawuhe Bathara Indra lan Bathara Bayu angejawantah.

“Ngger Bimasena, gedhe panarima ulun dene jeneng sira bisa ngruwat ulun lan kadang ulun Bathara Bayu,” pangandikane Bathara Indra.

“Bratasena, sira lagi ngupadi apa nganti tekan Alas Tebrasara kene?” pandangune Bathara Bayu.

“Abot nindakake dhawuhe guru, dina iki aku kudu ngupadi kayu gung susuhung angin.”

“Sumurupa Ngger Bimasena, kayu gung susuhung angin iku tuhu muhung pralampita. Kayu kuwi kajeng. Kajeng kuwi padha karo karep. Gung tegese gedhe. Susuhung angin bisa ditegesi mlebu metune napas utawa sinebut bajra herawana. Tetembungan iku ditegesi wong kang duwe kekarepan kudu sinartan aringing napas sarta uleming pancadriya. Iku nyoba sepira gedhening tekadmu,” dhawuhe Bathara Indra.

“Iya pancen mangkono Indra Kakekku. Matur



Guru Durna lan Raden Arjuna nyranti jumedhule Sang Bimasena saka telenging samodra

gedhene panuwun dene Pukulun Indra wus paring keterangan mungguh werdine kayu gung susuhing angin.”

“Mula dina iki sira kudu enggal ninggalake alas kene. Sowana marang Guru Durna. Tanjihna mungguh apa sejatine kang dikersakake dening gurumu kuwi. Iki Eyang paring sesupe druwendra memaniking candrama. Dene daya panguwasane pusaka iku lamun sira manjing aneng telenging samodra tan prabeda kaya urip ing dharatan,” pangandikane Bathara Indra.

“Kajaba iku Ulun Bathara Bayu uga paring bebungah wujud gendhewa kang bakal migunani mbesuk ing Baratayuda.”

“Banget panarimaku Eyang Bathara Indra lan Bathara Bayu. Aku njaluk pamit.”

Sigra ninggalake Alas Tebrasara Sang Bimasena. Lakune jumug ing Pertapan Sokalima. Ing ngarsane Guru Durna Raden Bimasena ngandharake kabeh lelakone nalika diprawasa Rukmakala lan Rukmuka. Dhanghyang Durna dheleg-dheleg krungu kabeh ature Sang Bimasena. Ora nyana yen siswane iku isih bisa slamet. Sateruse Bimasena nagih janji kepengin diwejang ngelmu-ngelmu kautaman kang wus dijanjekake dening Guru Durna.

“Oh lole lole kenthos waluh gembor monyor monyor. Dhukneng dhungkul wana dadi alas alas dadi wana. Howeloh howeloh. Ngger Bimasena, mungguh syarate nggayuh ngelmu kasampurnan kang mbokupadi iku ora mung siji. Manut wisiking jawata isih ana syarat siji maneh Ngger,” dhawuhe Guru Durna.

“Enggala paring dhawuh. Apa syarat liyane?”

“Wujude tirta pawitra mahening suci utawa tirta perwita sari, mapane aneng telenging Samodra Minangkalbu. Esuk bisa mujudi syarat kuwi awan wis dakwejang Ngger.”

“Ora susah nggenteni sesuk. Dina iki uga aku budhal.”

Wus madhep mantep Sang Bimasena nindakake dhawuhe guru. Dheweke enggal budhal menyang Samodra Minangkalbu. Tekade Bimasena iku gawe was-was para Pandhawa lan Bathara Kresna. Raden Arjuna lan Sri Bathara Kresna nggondheli nanging ora kelakon nggagak kekarepane Sang Bimasena. Tekade wus gembeleng, Bimasena sigra ambyur ing samodra.

Sawusnya ambyur, ragane Bimasena denseret ombak gedhe. Kompal-kampil ing segara kegawa lakune alun. Ora antara suwe Bimasena cinegat naga gedhe. Naga iku bakal mrawasa. Awake Sang Bimasena ginubet sawetara wentise dencokot naga kuwi. Ngrasakake perih wentise dencokot ponang naga, Sang Bimasena sigra ngetog karosane. Cangkeme naga denbenggang nganggo kuku pancanaka. Karana kekuwatane kang leluwihan sakala suwek cangkeme naga kuwi lan tumekeng tiwas. Getih malerah toyane samodra dadi abang semburat ireng.

Uwal saka naga, Sang Bimasena kantaka kagawa ilining ombak kampil-kampil. Tan krasa ragane Sang Bimasena ketangsang ing saweneh pulo cilik kang sesawangane sarwa endah. Pungun-pungun tangi Sang Bimasena. Nalika iku ing pangarepane katon ana paraga kang memper karo dheweke, nanging sarirane luwih cilik.

Bimasena rada gumun nyumurupi paraga ing pangarepane. Dikira manungsa lumrah, Bimasena sajak nyepelekake. Nanging bareng paraga iku nyumurupi apa wae kang wus denalami tanpa ana sing ngandhani, Bimasena lagi percaya yen sing ana pangarepane iku Sang Ruci Bathara. Bimasena terus ngaturake sembah sungkem aneng ngarsane Sang Ruci Bathara. Hyang Ruci Bathara uga priksa apa kang denupadi Bimasena ing telenging samodra kuwi.

“Pukulun wonten pundi dunungipun tirta pawitra mahening suci menika?” ature Bimasena.

“Ngger sumurupa apa kang kita upadi satemene mboya ana. Kabeh mung sanepa. Tirta tegese banyu. Pawitra wujuding panguripan. Mahening lan suci wis

ngarani. Kang sira upadi satemene banyu suci kanggo kekuwataning urip. Kabeh iku ulun kang andarbeni.”

“Lajeng kados pundi Pukulun?”

“Mula ana saloka tilarane para luhur; aja lelungan lamun durung ngerti papan kang dituju. Aja memangan lamun durung ngerti rasane sing dipangan. Aja manganggo lamun durung ngerti piye carane manganggo. Lamun iku kita terak mula bakal sasar susur dalan kita. Mula gage saiki manjinga aneng talingan ulun sisih kiwa.”

Sekawit Bimasena ora percaya lamun bisa manjing aneng sajrone talingan. Saka sabdane Sang Dewa Ruci Bimasena kelakon manjing aneng sajrone karna. Ing njero talingan iku katon alam awang-awang uwung. Ora ana ngisor ndhuwur, ngarep mburi. Sakala katon cahya cacah papat; putih, abang, kuning, lan ireng.

Dewa Ruci ngandharake yen cahya iku lambange hawa nafsu patang perkara; abang lambange angkara budi candhala utawa laku wengis lan siya marang sapadha-padha sinebut *amarah*. Kuning watake dremba. Lambange nafsu dhahar lan ngunjuk kang akeh lan sarwa eca sinebut *lauwamah*. Ireng gegambarane nafsu nguja kemareman syahwat. Lamun dituruti nafsu telu iku njurung mring laku angkara murka. Kang ngendhaleni mung nafsu siji sing dilambangake cahya putih. Cahya iku lambange *mutmainah*. Urip kudu tansah meper hawa nafsu.

Mangkono akeh-akeh wejangan kang diparingake marang Bimasena mahanani lebar atine. Sang Bimasena sejatine kepengin manggon ing pulo kono lan ora kepengin bali ing Praja Ngamarta, nanging ora disarujuki dening Dewa Ruci. Isih akeh sesanggaman kang kudu ditindakake dening Bimasena jejere satriya. Kang iku Bimasena tinundhung amrih enggal bali ing Ngastina. Bimasena ninggalake pulo alit kuwi. Jumedhul saka telenging samodra sarwi mondhong Begawan Durna kang melu nututi nyemplung samodra. Begawan Durna denentasake saka samodra dening Bimasena. Wektu iku Raden Arjuna wis nggenteni aneng gisik. Raden Arjuna lan Bimasena rerangkalan. Kekarone enggal bali ing kasatriyane dhewe-dhewe. Guru Durna uga kondur mring Sokalima.

*) **Ki Sudadi**, Penulis Basa Jawa, Kepala SMP

Negeri 2 Wadaslintang, Wonosobo;

Alamat: Wadaslintang RT 03 RW 02

Wadaslintang, Wonosobo, Jawa Tengah 56365;

Budi Pekerti

Tembung Ngoko-Krama-Krama Inggil

Dening: Sunarti

- Ibu : Kowe, ki, ngapa, ta, Nok. Kok sajak bingung ngono?
- Anak : Niki, lho, Bu. Kula mikir tembung-tembung niki, kula bingung.
- Ibu : Bingung kepriye, Nok?
- Anak : Wonten tembung *mendhet* kaliyan *mundhut*. Trus, wonten tembung *nama* kaliyan *asma*. Wonten malih tembung *pejah* kaliyan *seda*.
- Ibu : O, kuwi, ta sing ndadekake kowe mikir?
- Anak : Nggih, Bu. Niku carane mbedakke pripun, Bu?
- Ibu : Mangkene, Nok. Ing basa Jawa kuwi ana tembung ngoko kang ora ana kramane. Ana tembung ngoko kang ana kramane. Ana tembung ngoko kang ana tembung krama inggile nanging ora ana tembung kramane. Ana uga tembung ngoko kang ana tembung krama lan krama inggile. Lha, tembung-tembung sing koksebutake kuwi mau contone tembung ngoko sing nduweni padhanan krama lan krama inggil.
- Anak : O, mekaten, Bu.
- Ibu : Iya, Nok. Tembung ngoko *njupuk* duwe padhanan tembung krama *mendhet* lan krama inggil *mundhut*. Tembung ngoko jeneng duwe padhanan tembung krama *nama* lan krama inggil *asma*. Banjur, tembung ngoko *mati* duwe padhanan tembung krama *pejah* lan krama inggil *seda*. Isih ana tembung-tembung ngoko liyane kang ana krama lan krama inggile.
- Anak : Lajeng, panganggenipun pripun, Bu?
- Ibu : Panganggone tembung krama lan krama inggil kuwi cara gampang mangkene, Nok. Tembung krama bisa kanggo awake dhewe utawa kanggo ngormati wong sing diajak guneman. Dene, tembung krama inggil kuwi kanggo priyayi sepuh utawa wong kang duwe status sosial luwih dhuwur tinimbang sing ngajak guneman, nanging ora kena kanggo awake dhewe.
- Anak : Dados menawi tembung *mendhet* niku kangge kula utawi tiyang sanes, nanging tembung *mundhut* boten saged kangge kula. Leres mekaten, Bu?
- Ibu : Bener, Nok. Contone ukara iki. *Kula sampun mendhet lawuhipun. Nanging, ora Kula sampun mundhut lawuhipun Bapak, sumangga kula aturi mundhut dhaharan sawontenipun.*
- Anak : Samenika kula dados mangertos caranipun mbedakaken pangginanipun tembung krama kaliyan tembung krama inggil, Bu. *Nami kula Lastri; asmanipun Eyang, Prawiro Raharjo; Kula tumbas buku ; Ibu mundhut beras.* Mekaten, ta, Bu?
- Ibu : Bener, Nok. Saiki wis ora bingung maneh, ta?
- Anak : Nggih, Bu. Matur nuwun.



Te Kate Dipanah

Te kate dipanah
Dipanah ngisor gelagah
Ana manuk ondhe-ondhe
Mbok sribombok mbok srikate
Mbok sribombok mbok srikate
Mbok sribombok
Mbok srikate

